**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТИРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Қол жазба ҳуқықында**

**УДК: 338.4:621.1 (575.172)**

**АЙТМУРАТОВ АТАБЕК БЕРДАХОВИЧ**

# Қарақалпақстан Республикасында жанылғы-энергетикалық ресурсларды келешекте тутыныў ҳәм үнемлеў

**5А230102 - Экономика (тармақлар ҳәм тараўлар)**

**Магистр академиялык дәрежесин алыў ушын жазылған диссертация**

**МАК да жақлаўға рухсат етилсин:**
**Магистратура бөлими баслығы**
**_________ доц Гулимов А.**

**Илимий басшысы:**
**э.и.к. Балташева З.А.**

**НӨКИС 2015**

**М а з м у н ы**

**Кирисиў** 3

**1-Бап. Өзбекстан Республикасының жанылғы - энергетика тараўынын раўажланыўы** 13

**1.1. Өзбекстан Республикасының социаллық – экономикалық жағдайы** 13

**1.2. Жанылғы ресурсларының альтернатив дереклери. Жанылғы-энергетика ресурсларын үнемлеўдеги тәжирийбелер** 17

**2-Бап. Жанылгы - энергияны үнемлеў** 26

**2.1. Өзбекстан Республикасында энергияны үнемлеўде ресурслық потенциалды баҳалаў** 26

**2.2. Республикада жанылғы-энергетика ресурсларын келешекте тутыныў (пайдаланыў) ҳәм үнемлеўи** 39

**3-Бап. Жанылғы-энергияларының экономикасы хэм оны басқарыў** 50

**3.1. Энергияны сақлаў хэм үнемлеў процессин баҳалаўдың ис-илажлары** 50

**3.2. Экономикалық өнимдарлықты баҳалаў көрсеткишлери ҳәм олардын есап-санағын алып барыў жоллары** 54

**Жуўмақлаў** 64

**Әдебиятлар дизими** 70

**Қосымшалар** 72

## Кирисиў

**Теманың актуаллығы.** Президентимиз Ислом Каримовтын 2010-жыл 15-декабрда қабыл етилген “2011-2015-жылларда Өзбекстан Республикасы санаатын раўажландырыўдың баслы бағдарлары ҳаққында” ғы қарарының орынланыўы көлеминде жанылғы-энергия ресурсларынан оптималь пайдаланыўдың өнимдарлығын арттырыў, мәмлекетимиз жанылғы-энергетика комплексин диверсификация етиў ҳәм пайдаланылып атырған электр энергиясы ушын төлеў системасын беккемлеп барыў бойынша бир қатар ислер көлеми алып барылмақта.

Қабыл етилген нызамлықлар, қарарлар ҳәм дәстүрлер негизинде бүгинги күнде мәмлекетимиз энергетика базасынын улыўма қуўаты 12,5 миллион киловатт болған 39 электр станциясы бар болып, халыққа хызмет көрсетип келмекте.

Соның менен бирге ҳәзирги күнде инвестициялық жойбарларды әмелге асырыў есабынан энергетика тармағында кең көлемде модернизацияластырыў дәстүри негизинде бир қанша жумыслар алып барылмақта.

Мәмлекетимизде алып барылытуғын ис-илажлары бойынша бул салаға тийкарланып белгиленген жанылғы-энергия ресурсларидан оптималь пайдаланыў, тараўға шет ел инвестицияларын тартыў, тараўды модернизацияластырыў, пайдаланылып атырған электр энергиясы ушын төлеў системасын беккемлеп барыў ҳәм жанылғы-энергияларын үнемлеў бойынша шет ел тәжрийбесинде үйренип шығыў арқалы, таңланған ҳәм усыныс етилетуғын усылларды әмелде қолланыў бүгинги күнниң актуаль мәселелеринен бири саналады.

Бул ислерди алып барыўда республикамыздағы ең ири кәрханалардан бири “Ўзбекэнерго” мәмлекетлик акциянерлик компанияның орыны әҳмийетли.

“Ўзбекэнерго” мәмлекетлик акционерлик компаниясы бағдарлар бойынша 28 ири инвестициялық жойбарларды әмелге асырыўдағы үлеси күннен-күнге артып бармақта. Олардан, Сырдәрья ыссылық электр станциясының еки энергия блокын модернизация ҳәм реконструкция етиўдеги ең ири жойбарларынан бирин атап өтсек болады. Бул объектта қурылыс, иске түсириў ҳәм сазлаў жумыслары жуўмақланған болып табылады. Жаңа иске қосылған техника ҳәм технологиялар ыссылық электр станциясының қуўатын 50 мегаваттқа арттырыў имканын бермекте.

Мәмлекетимизде жәнеде Ташкент қаласы, Самарқанд, Бухара, Жиззах, Ташкент ҳәм Сырдәрья областларында  электр энергиясын тутыныўды қадағалап барыў ҳәм есапқа алыў бойынша автоматластырылған системаны иске ендириў информация-коммуникация тараўларында еки инновациялық жойбарларды әмелге асырыў ислери белгиланган.

Сондай-ақ тек бир ғана Ташкент қаласынын өзинде 90 мыңнан артық электрон есаплаў қурылмалары орнатылған болып, қурылмалар “Электр есапларын жүргизиў” атамасындағы программалық комплекске интеграцияластырыў жумысларыда әмелге асырылған. Бул ислердиң нәтийжесинде тутыныўшылар электр энергиясы төлемлерин онлайн режиминде төлеў, төленген пулларының түсиўин қадағалап барыў, тамырлаў ислерин әмелге асырыў бойынша арзаларын ҳәм электрон сораўларын туўрыдан-туўры компанияға жибериў мүмкиншиликлеринеде ийе болмақта. Оның жуўмағында пайтахтымызда халықтың электр энергияга төлемлериниң 70 проценттен артығы реаль ўакыт режиминде қабыллаў мүмкиншиликлерине ерисилмекте.

Жаңылғы ҳәм электр энергия төлемлерин реаль ўакытта қабыллаў нәтийжесинде ўақытты үнемлеў ҳәм қаржылар айланысын тәмийинлеў, халыққа хызмет көрсетиўди жақсылаў менен бир қатарда жаңылғы ҳәм электр энергияларын тежеў, оларды үнемлеў усыллары, жоллары арқалы

пайдаланыў зәрүрли саналады.

**Диссертацияның мақсети** - Қарақалпақстан Республикасында жанылғы-энергия ресурсларын тутыныўдың келешеги ҳәм оны басқарыўдағы баслы машқалаларды изертлеў (ямаса Қарақалпақстан Республикасында жанылғы ҳәм энергия ресурслардың потенциалын баҳалаў)

Қойылған мақсетлерге ерисиўде республикамыз көлеминде бир қатар жумыслар алып барылмақта, олардан энергияны үнемлеўши счетчик (есаплап барыу қурылмалар), лампалардың локализацияластырыў дәстүрлери негизинде ислеп шығарыўлардың жолға қойылыўы болса, газ үскенелериниң жанылғы газларын үнемлеў негизинде жеткерип берилиўши қурылмалардың (газ плиталар) ислеп шығарылыўы болып табылады. Буллар шет ел тәжирийбелерин үйрениў негизинде қоспа кәрханалардың жаратылыўы менен республикамызда ислеп шығарыўлардың жолға қойылыўының және бир мысалы болып саналады.

Алып барылып атырған магистрлик жумысында усы бағдардағы ислерди жәнеде тереңлестириў ҳәм беккемлеп барыў ушын төмендеги мәселелер ҳәм ўазыйпалар белгилеп өтиледи:

- Республикамыз көлеминдеги жанылғы ҳәм энергия дереклерин үйрениў;
- Жанылғы ҳәм энергия дереклеринин ислеп шығарыў қуўатларын, яғный олардын потенциялын баҳалаў;
- Үйрениўлер, баҳалаўлар негизинде жанылғы-энергия ресурсларынан оптималь пайдаланыў жолларын берип өтиў;
- Оптималластырыў негизинде оларды тежеў, үнемлеў усылларын усыныс етиўден ибарат.

**Изертлеў объекти** «Қарақалпақ аймақлық Электр тармақлары кәрханасы» акциянерлик жәмәэти болып, **предмети** кәрхана хызметин үйрениўден ибарат.

**Илимий изертлеў усылы ҳәм методологиясы -** жанылғы-энергия ресурсларын баҳалаў методологияларын, оларды үнемлеў, тежеўде оптималластырыў усылларын берип өтиўден ибарат.

- **Изертлеў нәтийжелериниң илимий жақтан жаңалық дәрежеси** бар болған имканияларларды инабатқа алып, бар болған усыл ҳәм методологиялар негизинде жанылғы-энергия ресурсларын үнемлеў ҳәм тежеў усылларын тереңлестириў, беккемлеп барыў, келешек ушын баҳалап барыў жолларын бериў менен характерленеди;

- **Илимий нәтийжелериниң теориялық - әмелий әҳмийети** усыныс етилетуғын усыл ҳәм жоллардың иске ендириўде әпиуайлығы.

- **Магистрлик жумыстын қурамы** кирисиў, тийкарғы үш баптан, жуўмақлаў, пайдаланылған әдебиятлар ҳәм материаллар, қосымшалардан ибарат.

Жумыстың кирисиў бөлиминде теманың актуаллығы, мақсет ҳәм ўазыйпасы, объект ҳәм предмети, илимий изертлеў усылы ҳәм методологиясы, изертлеў нәтийжелериниң илимий жақтан жаңалық дәрежеси, илимий нәтийжелериниң теориялық - әмелий әҳмийети, магистрлик жумыстын қурамы бойынша қысқаша характеристика берилген.

Тийкарғы бөлимде 3 бап берилген болып, бирнши бапта «Өзбекстан Республикасының жанылғы - энергетика тараўынын раўажланыўы» деп аталып, онда Өзбекстан Республикасының социаллық – экономикалық жағдайы, республикадағы жанылғы ресурсларының альтернатив дереклери, жанылғы-энергетика ресурсларын үнемлеўдеги тәжирийбелер берилген.

Екинши бапта жанылғы - энергияны үнемлеў деп аталып, онда Өзбекстан Республика-сында энергияны үнемлеўде ресурслық потенциалды баҳалаў, Республикада жанылғы - энергетика ресурсларын келешекте тутыныў (пайдаланыў) ҳәм үнемлеўи бойынша ба ғдарлар бериледи.

Үшинши бап жанылғы-энергияларының экономикасы хэм оны басқарыў

деп аталып, онда энергияны сақлаў хэм үнемлеў процессин баҳалаўдың ис – илажлары, экономикалық өнимдарлықты баҳалаў көрсеткиш-лери ҳәм олардын есап-санағын алып барыў жоллары берилди.

**Орынланып атырған жумыстың тийкарғы нәтийжелери** қойылған мәселелердиң шешимлери негизинде бериледи. Оның нәтийжелери төмендегилерден ибарат:

- Республикамыз көлеминдеги жанылға ҳәм энергия дереклери негизинде берилген мағлыуматларды үйрениў ҳәм оларға салыстырмалы анализлердиң берилиўи;

- Жанылға ҳәм энергия дереклеринин ислеп шығарыў қуўатларын, яғный олардың потенциялына баҳа берилиўи;

- Үйрениўлер, баҳалаўлар негизинде жанылғы-энергия ресурсларынан оптималь пайдаланыў жолларынын усыныс етилиўи;

- Оптималластырыў усыллары негизинде оларды тежеў, үнемлеўдиң жолларының берилиўи.

- Дүнья жүзи бойынша берилген болжаўлар тийкарында 2040-жыллаға барып энергияға болған глобаль талаптың өсими 50% артыўы күтилмекте. Бул көрсеткиш жақын он жыллық ишинде тийкарынан нефть ҳәм газ алыў процессинде артып барыўшы талапты қанаатландырыў имканиятына ийе болмай қалыўы, яғный ресурс тамтарыслығы қәўиплериниң күтилиўинен далалат береди.

Сонлықтанда бул бағдарларда бирден бир баслы мәселелер ҳәм көрилетуғын шаралар энергияның альтернатив дереклеринен технологиялық - экономикалық жақтан заман талабында өнимли пайдаланыўдан ибарат.

Көрип өтилген традициялық атомлық ҳәм гидроэнергетикалық барлық процесслер бар болған энергия түрлерин келешекте жәнеде раўажландырып барыўға қаратылған. Жанылғы – энергия секторларында жоқары технологиялық өндиристи жаратыўға қаратылады. Соның менен бир қатарда

термоядролық синтезлеў процесслеринде басқарыў бойынша илимий изертлеў ислерин раўажландырып барыў талап етиледи. Параллель рәўиште қайта тикленетуғын энергия дереклеринде көбейтип барыў ҳәм олардың ролин арттырыўдан ибарат. Оларға қуяш, шамал энергиясы, геотермаль, кишкене көлемдеги дәрьялар (малых рек), толқын энергиясы, биомассалар, дүнья жүзи көлеминде усыныс берип өтетуғын болсақ, океан энергиялары.

Усыныс етилип атырған тикленип атырған энергия дереклериниң гейпаралары басқа шет мәмлекетлерде санаат дәрежесинде раўажланып, қолланылап атырған болып табылады. Сонлықтанда республикамыз көлеминде олардан пайданаыў арқалы жанылғы – энергияларын тежеў ҳәм үнемлеў тәжирийбелерде жетилистирилип, топланып, иске ендирилип барылыўы зәрүрли.

Альтернатив энергия дереклерин энергетика тараўына массалық түрде ендирип барыў бүгинги күнде кең көлемде раўажланбақта. Деген менен ҳәр бир ҳәрекеттиң пайдалы ҳәм кери тәсири болғанындай, бул процесстиңде кери тәсири болыў итималлықларында инабатқа алып барыўды талап етеди. Анық мысаллар менен салыстырмалы түрде берип өтсек 1970-жылларда жүз берге нефть кризиси мысал болады. Усы ўақытлардан баслап бул бағдардагы мәселе мәмлекетлик көлемдеги дастурлеридиң тийкарынан айланды. Бүгинги күнде де бул мәселе мәмлекет көлеминде әмелге асырылып атырған комплексли дәстүрлердиң улыўмалық қурамын қурайды. Жанылғы-энергияларды тежеў ҳәм үнеўлеў болса қазып алынатуғын жанылғы ҳәм жетистирилетуғын энергия дереклеринде, оларды азлы – көплигине тиккелей байланыслы. Текленетуғын энергия дереклери импулли раўажландырыў экологиялық-экономикалық характерге ийе болды. Себеби жәмийетте мәмлекетти раўажландырыўда орталықты қорғаў ҳәм оны асырыў идеологияларыда илгери сүрилмекте. Сонлықтанда альтернативлик энергияларға бағдар алыў мәмлекетлик бағдарлардың бири болды.

Республика бир қанша потенциалға ийе болыўына қарамастан, тараў бойынша илимий изертлеў ислериниң алып барылыў кем саналады.

Соның менен бирге дүнья жүзилик қарым-қатнаслардағы қәлиплесип баратырған жанылғы-энергетикасы тенденциясы – бул тек экономика ушын (не только вызов для экономики) тек ғана шықырық емес, және бир имканиялардан бири. Ол традицион сыяқлы жаңа тараўды раўажландырыў ушын сондай-ақ жанылғы-энергия комплексиниң барлық секторларында инновациялық шешимлер бойыншада излениўлер алып барыўға стимул болады.

Соныда атап өтиўимиз тийис бул бойынша барлық тараў секторларында актив ислер алып барылмақта. Деген менен биздиң республикамызда да басқада қатар бағдарлар бойыншада ислер алып барыў талап етиледи. Олар қатарында тикленетуғын энергия дереклеринен пайдаланыў менен байланыслы болған мәселелерде шешим талап етеди. Бул бағдарды раўажландырыў ушын мәмлекетимизде барлық шәрт-шәраятлар ҳәм бәсекелесе алыў имканиятларыда бар:

1) Өзбекстан Республикасының 70% территориясы, 10% халық жасайтуғын территориясы орайласқан тәризде энергия менен тәмийинлеў зоналарына туўры келеди. Бул автомном тәризде тутыныўшыларды энергия менен тәмийинлеў ушын мақсетли түрде тикленетуғын энергия дереклеринен пайдаланыў мүмкиншилигин береди. Бундай районларда энергия менен тәмийинлеў бойынша жүз беретуғын экономикалық ҳәм технологиялық машқалаларды шешиў мүмкиншиликлеринде береди. Тийкарынан бундай имканиятлардан пайдаланыў республиканың Узақ Шығыс ҳәм Арқа районлары ушын қол келеди. Себеби қысқа жаз мәўсимлеринде жанылғыны алып келиў талап етиледи. Қысы суўық келиўи менен жанылғы ҳәм энергиялардың атап өтилген районларда қысқа мүддетлерде ҳәм аз берилиў,

талаптың жанылғы-энергияға жоқары болыўы менен баҳасыда жүдә жоқары дәрежеге көтериледи.

Тикленетуғын энергия дереклеринен нәтийжели пайдаланыў имканиятын беретуғын арқа районлар ушын бул шамалэнергияларын алыў усылы болып табылады. Бунық ушын белгиленген орталықларға шамал электорстанцияларын қурыў талап етиледи. Бундай автоном тәриздеги станциялар шамалдан 2,5 МВт шекем энергия жеткерип бериў қуўатлылықларына ийе болады. Өзбекстаон бойынша Сырдәрья, Қарақалпақстан Республикалары туўра келсе, Қарақалпақстан Республикасында арқа районлар, яғный атап айтқанда Тахтакөпир, Қоңырат, Шоманай, Кегейли сыяқлы бир қатар районларды келтирип өтиўимиз мүмкин.

Шет еллик экспортлардың пикирлери бойынша 100-110 МВт қуўатлылыққа ийе болатуғын шамал қурылмаларын орнатыў жобаластырылып искен ендирилсе, жанылғы-энергияға болған талапты арқа районларда жылына 130 мың тоннаға шекем үнемлеў ҳәм сырттан жанылғы газ балонларын алып киритиўлерди қысқартырыў, баҳаларды да турақластырыў, халықты жанылғы-энергия менен тәмийинлеў имканиятларынада ерисиледи. Жанылғы-энергиялардың өзине түсер баҳасында бир қанша кемейтиўгеде ерисиледи.

2) Республикада бир қанша тикленетуғын энергия дереклери бар екен. Оларды кең көлемде ҳәм жақсылар илимий жақтан үйрениўлер, излениўлер алып барыў талап етиледи. Сондай имканиятларда бар республикамыздың гейпара районларында еки ҳәм оннанда артық тикленетуғын энергия дерeклеринен пайдаланыў мүмкин. Жылына шама менен қайта тикленетуғын энергия дереклериниң потенциалы 4 млрд. тонналы қурайди. Тикленетуғын энергия дереклериниң 80% жақына агросанаат комплексинде қолланылады. Бундай альтернатив дереклерден тараўларда пайдаланыў энергия менен

тәмийинлеўдиң исенимлилигин арттырады ҳәм экологиялық жақтан таза саналады. Соның менен бирге аўыл хожалығы өндирис тараўының өнимдарлығын арттырады.

Қуяш энергитикасын раўажландырыў ушын Республиканың Қубла регинонлары жүдә қол келеди. Шамал энергияларын раўажландырыў ушын болса, Узақ Шығыс, Арқа регионлар, яғный Өзбекстан Республикасы бойынша Сырдарья, Жиззақ ҳәм Қарақалпақстан Республикасы территориялары туўра келеди. Белгили бир дәрежедеги потенциалда геотермаллық энергетикағада Өзбекстан Республикасы ийе.

Альтернатив дереклер сыпатында пайдаланылатуғын жердиң ыссылығы республикада кем, яғный төмен потенциалға ийе болсада, орайлық қуяшлы ҳәм қурғақлы жерлерде жаздың жазыйрамы ыссы күнлеринде Орайлық районларда пайдаланыўға қол келеди.

Бүгинги күн практикасында болса, жергиликли энергия ресурсларынан кеңнен тарқалған ҳәм пайдаланыў усылларына ийе болған түри: гидроресурслар, торф, биомассаларды қайта ислеў нәтийжесинде алынатуғын өнимлер (мәселен, пеллеталар), қайта тикленетуғын дереклерден - биогаз, газлердиң басқада түрлери саналады.

3) Республикада энергетика тараўы бир қанша жаңалаўды талап етеди. Оның ушын мәмлекетлик модернизацияластырыў дәстүр негизинде инвестициялар тартылып жанылғы – энергия саласына жаңа техника ҳәм технологиялар ендирилип, қайта қурыў ҳәм монтажлаў ислепи алып барылмақта. Булда мәмлекетимизде тараўдың жоқары қуўатлылықларда ислеўине жаратылған инвестициялық климат ҳәм имканиятлардан саналады.

4) Заман талабындағы, энергия тараўына мөлшерленген технологиялар негизинде жанылғы – энергия тараўын раўажландырыў. Булнда тийкарынан бизди қоршаған орталық, оның экологиялық жағдайларын сақлаған түрде, бүгинги күн машқалаларында инабатқа алған түрде бар имканиятлардан ҳәм

экологиялық таза альтернатив дереклерден пайдаланып раўажландырыў әҳмийетли. Демек бунда тикленетуғын энергия – әҳмийетли ресурс болып табылады.

Соныда инабатқа алыўымыз керек, шет мәмлекетлерде 2030-жылларға раўажланыўдың стратегиялық дәстүрлери ислеп шығылып, онда жанылғы – энергия менен тәмийинлеў, оны үнемлеў мәселелери әҳмийетли мәселелерден, раўажландырыў ўазыйпалары қаралған.

Өзбекстан Республикасында да 2020-жылларға шекем раўажландырыў келешек дәстүрлери ислеп шығылды. Демек, 50-жылдан соң республикамызда тек сан жағынан жанылғы – энергия саласында өзгерис болмастан, сыпат жағынанда жақсы, жоқары дәрежедеги өзгерислердиң болыўы күтилмекте. Республиканың бул секторда альтернатив дереклер областында стратегиялық жобаластырылыўлардың алып барылыўы зәрүрли болыўы менен, узақ мүддетли келешекке мөлшерлениўиде әҳмийетли саналады. Бул актуаль тема дөгерегинде, актуаль мәселениң шешилиўи мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаўлар негизинде сиясий ҳәм ҳуқықлық шәрт-шәраятлардың жаратылып берилиўи, мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў механизмлеринен салық сиясаты ҳәм ондағы белгилеп берилетуғын жеңилликлер, салық жүклериниң кемейип барыўы, илимий изертлеўлер, жойбарларды қоллап-қуўатлаў раўажландырыў дәстүрлерине киритилип барылыўы менен характерленеди.

## 1-Бап. Өзбекстан Республикасының жанылғы - энергетика тараўы

### 1.1. Өзбекстан Республикасының социаллық – экономикалық жағдайы

Өзбекстан экономикасында жүз берип атырған сыпатлы өзгерислердиң әҳмийетли тараўларынан бир санааттың раўажланып барыўы болып табылады. Республикамыз аграр ҳәм индустриял мәмлекет болып, экономиканың тийкарын санаат тармақлары ийелеп бармақта. Мәмлекетимиздеги модернизацияластырыў, техник ҳәм технологиялық жаңалаўларды алып барыў, иске ендириў бойынша 2000-2010-жылларда қабыл етилген ис илажлар санааттың автомобиль сазлаў, нефть ҳәм газ-химия, темир жол машина сазлаў сыяқлы жаңа тармақлардың пайда болыўы, раўажланыўына бағдарлар берип барды.

Өзбекстан Республиксында 2014-жыл жуўмағы бойынша санаат өнимлериниң улыўма көлеминиң өсиўиде, ЖИӨ курамындағы санааттың үлесиде артып бармақта ҳәм оның үлеси 24 процентти қурады.

Сондай-ақ санаат тараўы барлық тараўлар менен тығыз байланыслы болғанлығы себепли, тараўдың раўажланыўы, мәмлекетимизде алып барылып атырған санаатты диверсификация етиў ҳәм экспорт базарларын жаңаша белгилеп барыў, талап етилип атырған дәўир талапларында санаат өндирислерини раўажландырыў дәстүрлери негизинде басқада тараўларда да өсиў дәрежелери сезилерди болмақта (1.1-кесте).

Өндирис көлеминиң 2000-2015-жыллар даўамында турақлы өсип барыўы себепли барлық тараўларда экономикалық турақлылық тәмийинленип барылыўына ерисилмекте.

Бир қатар тараўларда, яғный автомобиль сазлыў, нефт-газ химия санааты, нефть-газ машина сазлаў, заман талабындағы қурылыс материаллары санааты, темир жол машина сазлаў, электротехника,

фармацевтика, заман талабындағы азық-аўқат санааты ҳәм жеңил санаат сыяқлы тараўларда атап өткенмиздей улыўма жаңаша болған санаат тармақлары жаратылып, халық аралық қатнасықлар, инвестиция дәстүрлери бойынша жаңа кәрханалар хызмет көрсетип келмекте.

**1.1 - кесте**

**Жалпы ишки өнимниң экономика тармақлары бойынша курамы (процент есабында)**

| Көрсеткишлер | Жыллар | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2007 | 2008 | 2009 | 2010 | 2011 | 2012 | 2013 | 2014 |
| Жалпы ишки оним | 7,3 | 9,5 | 9,0 | 8,1 | 8,5 | 832 | 8,2 | 8,1 |
| Санаат ислеп шығарыўы | 12,1 | 12,7 | 9,0 | 8,3 | 6,4 | 7,9 | 9,6 | 8,3 |
| Аўыл хожалығы өнимлериниң жетилистирилиўи | 6,1 | 4,5 | 5,7 | 6,8 | 6,6 | 7,2 | 6,8 | 6,9 |
| Даналап (усақлап) сатыў саўда айланысы | 21,0 | 7,2 | 16,6 | 14,7 | 17,1 | 13,9 | 13,7 | 14,3 |
| Халыққа пуллы хызмет көрсетилиўи | 20,6 | 21,3 | 12,9 | 13,4 | 15,7 | 14,2 | 12,9 | 14,7 |

*Автор тәрепинен статистикалык мағлыуматлар бойынша бериген

Олардан мәмлекетимиз экономикасында жетекши орынларда киятырған автомобиль сазлаў санаатындағы Андижан областындағы, Асака қаласындағы АҚШтың «Женерал Моторс» компаниясы менен биргеликте жеңил автомобиллер ислеп шыгарыўшы, Ташкент қаласында Германияның дүньяға белгили болған «Даймлер Бенц» ҳәм Самарқант қаласындағы Японияның «Исузу» компаниялары менен биргеликте автобуслар ислеп шығарылыўлары, Самарқант қаласында Германияның «МАН» компаниясы менен биргеликте дүзилген жүк автомобиллерин ислеп шығарыўдағы жаңа заводлардың иске түсирилиўлери айырықша орын тутады. Усындай өзгерислер нәтийжесинде санаат тараўларында өним ислеп шығарыўдың көлемиде артып бармақта (1.2-кесте).

Нефть-газ-химия санааты тараўларыда мәмлекетимизде стратегиялық әҳмийетке ийе болған тараўлардан саналады. Олардан Қоңырат сода заводының 2006-жылдан баслап кальцийленген сода, Самарқант химия

заводынан нитрокальцийфосфат төгиниң ислеп шығарыўдың жолға қойылыўы, 2010-жылдан регионымызда бир ғана болған Дийханабат (Деҳқонобод) калийли төгин ислеп шығарыў заводларының иске түсирилиўи бир мысал болады.

**1.2 - кесте**

**Қарақалпақстан Республикасы экономикасының негизги тармақ ҳәм тараўларындағы өсим темплери, проценте**

| № | Көрсеткишлер | 2012-жыл | | | 2013-жыл | | | 2014-жыл | | | 2015-жыл прогноз | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | млрд. сум | өсиў темпи, % | үлеси, % | млрд. сум | өсиў темпи, % | үлеси, % | млрд. сум | өсиў темпи, % | үлеси, % | млрд. сум | өсиў темпи, % | үлеси, % |
| **1** | **Жалпы миллий өним** | **2192,5** | **108,4** | **100,0** | **2715,5** | **108,5** | **100,0** | **3385,3** | **108,9** | **100,0** | **4255,0** | **109,6** | **100,0** |
| | ЖИӨ қурамы, соннан: | | | | | | | | | | | | |
| **1.1.** | Санаат | 231,9 | 104,8 | 10,6 | 287,6 | 103,3 | 10,6 | 359,5 | 104,2 | 10,6 | 451,0 | 104,5 | 10,6 |
| **1.2.** | аўыл хожалығы | 480,1 | 105,6 | 21,9 | 568,3 | 105,7 | 20,9 | 674,7 | 106,0 | 19,9 | 808,6 | 107,0 | 19,0 |
| **1.3.** | қурылыс ислери | 254,9 | 115,2 | 11,6 | 30,8 | 110,5 | 11,4 | 378,3 | 111,0 | 11,2 | 463,9 | 111,5 | 10,9 |
| **1.4.** | транспорт ҳәм байланыс | 409,0 | 110,1 | 18,6 | 529,1 | 112,0 | 19,5 | 689,3 | 112,5 | 20,4 | 905,1 | 113,2 | 21,3 |
| **1.5.** | саўда ҳәм улыўма аўқатланыў | 196,8 | 111,5 | 9,0 | 256,8 | 112,5 | 9,5 | 336,2 | 112,7 | 9,9 | 443,4 | 113,2 | 10,4 |
| **1.6.** | басқалар | 504,6 | 107,5 | 23,0 | 636,9 | 108,8 | 23,4 | 807,3 | 108,8 | 23,9 | 1027,8 | 109,0 | 24,2 |
| **1.7.** | салықлар | 115,2 | 106,0 | 5,3 | 127,0 | 106,0 | 4,7 | 140,1 | 106,0 | 4,1 | 155,1 | 106,5 | 3,6 |
| 2 | ЖИӨ деги хызметлердиң үлеси | 52,5 | х | х | 53,2 | х | х | 53,8 | х | х | 54,2 | х | х |
| 3 | ЖИӨ деги киши бизнестиң үлеси | 67,3 | х | х | 68,0 | х | х | 69,5 | х | х | 70,0 | х | х |

*Дерек: Қарақалпақстан Республикасы Статистикалық басқарма мағлыўматларынан

Нефть қазып шығарыў ҳәм нефтти қайта ислеп шығарыў санаатының раўажланып барыўы мәмлекетимиздиң энергетикаға болған қәўипсизлигин тәмийинлеўде әҳмийетли болып табылады.

Нефть ҳәм газ конденсатын қазып алыў 1990-жылға салыстырғанда 1,4 есеге өсити. Тәбийий газ ислеп шығарыўдың пәти 1990–2010-жыллар даўамында 1,6 есеге, суйылтырылған газ ислеп шығарыўдың көлеми болса,

15,2 есеге көбейди.

Энергетика ғәрезсизлигин тәмийинлеў ҳәм нефть-газды қайта ислеў тармақларын раўажлантырып барыў дәстүрлери көлеминде заманагөй технологияларға ийе болған шет ел компаниялары менен биргеликте Бухара нефтты қайта ислеў заводы («Текнип», Франция) ҳәм Шортан газхимия (Шўртангазкимё) комплексы («АББ»), Ферғана нефтты қайта ислеў заводы толық реконструкция етилди ҳәм иске түсирилди.

Қашқадәрья областындағы Мубарек газди қайти ислеп шығарыў заводы тийкарынан 1971-жылы иске қосылған болып, бүгинги күнде жылына кәрхана 30 миллиард кубометр тәбийий газ ҳәм 570 мың тонна газ конденсатын ислеп шығарыў қуўатлығына ийе.

Модернизацияластырыў дәстүри негизинде 2014-жыл соңынан баслап Мубарек газди қайта ислеп шығарыў заводында ислер алып барылмақта. Оған сарыпланатуғын қәрежетлер муғдары 220 млн. долларды қурайды. Оның 170 млн. доллары Узбекнефтгаз миллий холдин компаниясы тәрепинен ажыратылған қаржы, 50 млн. доллар реконструкциялаў ҳәм раўажландырыў фонды тәрепинен ажыратылған кредитли қаржы болып табылады. Жойбараластырылып атырған электр станция блоклары жылына улыўма 6 миллиард кубометр қуўатлығында ислеўи нәзерде тутылмақта. Бул халқымыздын жанылғы-энергияларына болған талабын қанаатландырыуда жәнe бир тәмийинлеў дереги болып табылады.

Бундай дереклерден Өзбекстан Республикасында 2014-жылда Самаркант областында қуўатлылығы 100 МВт ийе болған қуяш энегриясы негизиндеги электрстанция қурылысларын алып барыў бойыншада ислер жолға қойылды. Электронстанцияның қурылыс ислерин алып барыў бойынша мәмлекетимиз тәрепинен қаржыландырыў ислериде алып барылмақта. Жойбардың баҳасы 310 млн. доллар болып, оны қаржыландырыуға 110 млн. доллар Азия раўажландырыў банки тәрепинен кредит ажыратыған. Сондай-ақ

реконструкциялаў ҳәм раўажландырыў фондынан белгиленген кредити ҳәм «Узбекэнерго» мәмлекетлик акционерлик компания тәрепинен қаржылар ажыратылған болып табылады.

Жойбарды орынлаў 2019-жылга шекем белгиленген болып, станция жылына 100 МВт дан 200 миллион кВт электр энергия ислеп шығарыў қуўатлығына ийе болыў менен характерли болып саналады.

Соның менен бирге Республикамыз қуяшлы үлкеден саналық альтернатив энергия дереклери негизинде қуўатлығы 2 ГВт ийе болған бир неше қуяшлы электростанцияларды да иске қосыўды жобаластырып бармақта. Бунда Өзбекстан Республикасында қуяшлы энергиянын потенциалы 50,9 млрд. тонна нефти ислеп шығарыў эквивалетлиги менен баҳаланған. Бул өз нәўбетинде 99,7 % қурайды.

Демек булда мәмлекетимизде халкымызды жанылға-энергия менен тәмийнлеўдеги бирден-бир қосымша имканиялрадан саналады. Деген менен барлық жанылғы-электр энергия ресурсларының потенциалын жоқары баҳалаўлар менен бирге оларды үнемлеп пайдаланыў әҳмийетли актуаль мәселелерден бири саналады.

Нефть-газ химия ҳәм энергетика тармақларының жаңа бөлимлериниң пайда болыўлары тәбийғый газды қайта ислеўди жәнеде тереңлестириў ҳәм бир-бирине жақын ҳәм уқсас тармақларда жаңа ислеп шығарыў қуўатларын иске түсирип раўажландырыў менен бирге энергия менен тәмийинлеў, оларды үнемлеўдиң имканиятларында жаратады.

## 1.2. Жанылғы ресурсларының альтернатив дереклери.

## Жанылғы-энергетика ресурсларын үнемлеўдеги тәжирийбелер

Жанылғы-энергия ресурсларынан үнемли пайдаланыўда, оның бир неше альтернатив түрлерине ҳәм дереклерине итибар бериўимиз зәрүр. Себеби ресурслардан оптимал пайдаланыў, оларды тежеў ҳәм үнемлеўде

ресурслардың орын басыўшы түрлеринде баҳалап өтиў әҳмийетли орын тутады. Электр энергия тараўында оларды еки тийкарғы түрге бөлип қарайды, яғный традициялық (традиционную) ҳәм традициялық болмаған (нетрадиционную).

Традициялық электр энергия. Бул түрдеги электр энергияның тийкарғы қәсийетлеринен бири оның басымы жақсы өзлестирилген, ол иске ендирилиў процессинде түрли жағдайларда узақ мүддетли сынаўлардан өткерилип алыған. Дерлик барлық дүнья жүзи мәмлекетлеринде электр энергияның тийкарға бөлегиндеги үлесиде традициялық электр станциялар арқалы алынады. Олардың электрлик қуўаты 1000 МВт жоқары болады. Традициялық электр энергия энергетика тараўыда бир неше бағдарларға бөлинеди.

Ыссылық энергиясы. Бул тараўда электр энергияны ислеп шығарыў ыссылық электр станцияларында (ТЭС - тепловых электростанции) әмелге асырылады. Бунда химиялық энергия ушын органикалық жанылғыдан пайдаланылады. Олар төмендегилерге бөлинеди:

- пар турбалы электр станцияларда энергиялар пар трубалық қурылмалар жәрдеминде айлантырылып алынады;

- газ трубалық электр станциялар, оларда энергия газ трубиналық қурылмалар жәрдеминде алынады;

- пар ҳәм газлы электр станциялар, оларда энергия парлы ҳәм газлы қурылмалар жәрдеминде алынады.

Энергетика тараўындағы ыссылық энергиясы дүнья жүзи масштабында традициялық түрде кеңнен ислетиледи. Олардан нефть тийкарында 39% ислеп шығарылады, көмир негизинде - 27%, газ негизинде - 24%, яғный дүнья жүзиндеги барлық электр станцияда ислеп шығарылыған энергияның 90%

қурайды[1]. Энергетика Польша ҳәм ЮАР мәмлекетлеринде әмелде көмирден пайдаланыўға тийкарынан болса, Нидерландияда газға, ал, Китай, Австрия, Мексика мәмлекетлеринде дерлик көпшилик ыссылық энергетикасына туўры келеди.

Гидроэнергия. Бул тараўда электр энергия гидроэлектр станцияларда ислеп шығарылады. Оларды ислеп шығарыўда тийкарынан суў ағымынан пайдаланылады.

Гидроэлектр станциялары бир қатар мәмлекетлерде бар болып, көпшилик саны Норвегия ҳәм Бразилия мәмлекетлерине туўры келеди.

Ядролық энергия. Бул түрдеги электр энергиялар атомлық станцияларда ислеп шығарылады. Оларда тийкарынан уран ҳәм плутон элементлеринен пайдаланылады ҳәм ядрлық реакциялар негизинде басқарылып алынады.

Атом электр станцияларында ислеп шығарылған элекрт энергиялардың тийкарғы үлеси Франция мәмлекетине туўры келеди, яғный 80% жақынын қурап дәслепки бириншиликти ийелеп келеди. Соның менен бирге Бельгия, Корея Республикаларында да ислеп шығарылады. Дүнья жүзи бойынша атом электр станцияларында электр энергияларын ислеп шығарыў бойынша АҚШ, Франция ҳәм Япония мәмлекетлери лидерликти ийелеп келмекте.

Традициялық болмаған электр энергия (Альтернативлик энергия). Традициялық болмаған бағдардағы электр энергияларда традициялық электр энергиялардың принциплери негизинде қурыладын. Бирақ дәслепки энергия дереги сыпатында локал характердеги энергия дереклеринен пайдаланылады. Оларға шамал, геотермаллық ямаса жанылғы элеметлери, мысал ретинде термоядерлик электр энергиялары киреди. Традициялық болмаған электр энергиялардың артықмашылығы соннан ибарат экологиялық таза болып табылады. Кемшиликлеринен бир капитал қурылысы ушын көп муғдарда қәрежетлер сарыпланады. Анық көрсеткишлер менен келтирип өтсек,

[1] http:\ru.wikipedia.org\wiki -

бүгинги күндеги кеңнен алып барылып атырған ислер көлеминдеги қуяш энергиясы станциялары 1000 Мвт қуўатлылықта ислеўи ушын бир қанша қымбат бахаланатуғын 4 км$^2$ майданды ийелейтуғын айна менен қапланылыўы талап етиледи ҳәм ол киши көлемдеги бирлик қуўатқа ийе болады. Традициялық болмаған электр энергия төмендеги бағдарларда алынады ҳәм жеткерилип бериледи:

- Киши көлемдеги гидроэлектр станцияларда ислеп шығарылатуғын энергиялар;
- Шамал энергиясы;
- Геотермаллык энергия;
- Куяш энергиясы;
- Биоэнергия;
- Жанылғы элементи негизинде ислеп шығарылатуғын басқада электр энергиялар.

Олар, яғный жанылғы элементлеринде орнатылған:

- Водородлы энергия;
- Термоядролық энергия.

Сондай-ақ элекрт энергияларын массасы бойыншада бир неше түрлерге бөлиўимиз мүмкин. Олар киши көлемли энергетика тараўлары, бул атама сөзликлерде кемнен кем жағдайларда бериледи, сонлықтанда оларды локаллы электр энергетика саласы деп атайды. Соның менен бирге элекрт энергетика тараўында олар бөлистирилген ҳәм атомлық энергетика болып бөлип қаралады. Тийкарынан 30 МВт қа шекем болған қуўатлықтағы электр станциялары, соның менен бирге 10МВт қа шекемги қуўатлылыққа ийе болған агрегатлар менен ислеўши электр станцияларға айтылады.

Демек, олар экологиялық, органикалық жанылғы негизинде ислейтуғын киши көлемдеги ҳәм дизели электр станциялар болып табылады. Дизелли электр станциялар дерлик Россия мәмлекетиндеги станциялардан болып

табылады. Олар 96% қурайды. Оларда өз нәўбетинде газ поршынлы электр станциялар, газ трубиналық ү скенелер негизиндеги дизелли ҳәм газли жанылғылар менен ислеўши электр тармақлары болып табылады.

Электр тармағы - электр энергияларын жеткерип бериўши ҳәм бөлистирип бериўге тийкарланған электр жеткерип бериўши линияларға бирлестирилген системалар жыйнағы. Электр тармақлары энергияны электр станцияларға белгили бир қуўатлылықта энергияны жеткерип бериўди тәмийинлеўши тармақ саналады.

Бүгинги күн талабында электр тармақ қурамалары көп басқышлы дүзилиске ийе болып, электр энергия дереклеринен тутыныўшыға шекемги болған аралықта бир неше санда, ири көлемдеги трансформациялар шыдамлылығында ислейди. Заман талабындағы электр тармақлары көп режимли характерге ийе. Онда тармаққа элеметлерди суткалық ҳәм жыллылық кесим бойынша жүклестириў, элеметлерди жобалы түрде оңлаў, авариялық жағдайларды үзилиске түсиўин тәмийинлеў қәсийетлерин ийе болыўы түсиниледи.

Ыссылық пенен тәмийинлеў. Инсан турмысында электр энергия менен бир қатарда жыллылық энергиясынан да кеңнен пайдаланылады. Ыссылық энергиясынан инсан өз үйинде, жумыс орынларында ҳәм басқада жәмийетлик орынларда қоллланады ҳәм еркин ислейди. Барлық орынлар коммуналлық жақтан ыссы суўлар менен ҳәм ыссылық пенен тэмийинленген болыўы талап етиледи. Бул тек қолайлық ушын емес инсан саўлығы, санитарлық талап ҳәм мәмлекетлик стандартлар бойыншада талап етиледи.

Ыссылық энергиясы санаат кәрханаларының технологиялық процесслерин тәмийинлеў ушында әҳмийетли саналады. Оларды өндирислик пуўлар (пар – делинеди) ҳәм олардың басымы 1-3 МПа менен бериледи. Демек барлық түрдеги объектлер төмендеги тәриздеги қурылмалар жәрдеминде ыссылық пенен тәмийинлеў системаларынан ибарат болады:

- ыссылық дереги, котеллы болған;

- ыссылық тармағы, ыссылық суў ямаса пуў труба проводлы система;

- ыссылық жеткерип бериўши, ыссылық жеткерип бериўши батариялы системалар.

Орайластырылған тәризде ыссылық пенен тәмийинлеў. Бул түрдеги ыссылық пенен тәмийинлеў системасы кеңнен раўажланған болып, бир қанша тутыныўшыларды тәмийинлейди. Орайлыстырылған ыссылық пенен тәмийинлеў системасы ушын 2 тийкарғы түрдеги дереклерден пайдаланылады:

- Ыссылық электр орайлары (ТЭЦ);

- Котеллы.

Котеллының өзи төмендегилерге бөлинеди:

- Суў менен ыссытыўшы;

- Пуўлы (Парлы).

Орайластырылмаған тәриздеги ыссылық пенен тәмийинлеў системасы, дерлик тармақа қосылмаған ямаса киши көлемдеги ыссылық тармақлары саналады. Бундай тармақлар тийкарынан дара түрде қурылған қурылмалардан ибарат болады. Олардың ыссылық ислеп шығарыў қуўатлылығы 1,163 МВт, яғный 1 Гкал/ч мөлшерленген котеллы қурылмалар болып табылады. Олардың артықмашылығы тутыныўшы талабына муўапық ыссылық пенен тәмийинлеўге тийкрланған ҳәм ири көлемде болмаған дара қурылма болып табылады. Олар төмендеги түрлерге бөлинеди:

- Киши көлемли котеллар;

- Электрлық қурылмалар. Бул төмендеги түрлерге өз нәўбетинде бөлинеди:

- Туўрыдан-туўры;

- Аккумуляциялық;

- Ыссылық насослы;

- Қыздырыў печлери.

Ыссылық тармағы – бул қурамалы болған инжеренлик-қурылыс иншаат (сооружение) болып, тутыныўшыға ыссылық электр орайлары ямаса котелларынан пуўлы (парлы) ямаса суўлы ыссылық насослары жәрдеминде ыссылық дереклеринен ыссылық жеткерип бериў ушын хызмет көрсетеди.

Халық жасаўшы пунктлерге туўрыдан-туўры бирлестирилген суў тармақлары бойынша коллекторлардан магистраллық ыссылық проводлары жәрдеминде ыссы суўлар менен тәмийинленеди. Магистраллық ыссылық проводлары жыллытып бериўши қурылмалардан ибарат болып, олар белгиленген ўақыт аралықлары бойынша үзликсиз ыссы суў менен тәмийинлеўши ыссылық алмасыў қурылмаларына бирлестирилген.

Жанылғы энергиясы (Энергетическое топливо). Көплеген традициялық электр станциялары ҳәм ыссылық жеткерип бериўши дереклер қайта тикленбейтуғын ресурслар негизинен энергия алып жеткерип бериўге тийкарланған. Бунық ушын энергия тараўында төмендеги еки түринен пайдаланылады:

1. Органикалық жанылғы. Бул газ тәризли, қатты ҳәм суйықлық тәриздеги органикалық жанылғы түрлерине бөлинеди. Олардың ҳәр бири өз нәўбетинде тәбийий ҳәм жасалма (искусственное) түрлерге бөлинеди. Дүнья жүзи бойынша олардың үлеси 65% қурайды, соннан 39% ти көмир, 16% тәбийий газ, 9% суйық ҳалдағы жанылғы түрлерине туўры келеди. Қазып алынатуғын шекленген жанылғының үлеси 87% қурайтуғын болса, соннан 33,6% нефть, 29,6% көмир, 23,8% ти газ түриндеги жанылғы энергиясына туўры келеди.

2. Газ тәризли. Тәбийий жанылғы түрине тәбийий газ саналады. Жасалма түрдегилерге төмендегилер киритиледи:

- Генераторлық газ;

- Кокслы газ;

- Доменли газ;

- Нефтты қайта айдаў арқалы алынған өним;

- Жер асты гази (подземной газификации);

- Синтез - газ.

Суйықлық тәризли бул тәбиийий жанылғы болып, нефть саналады. Оны қайта айдаў арқалы алынған өним түрлери жасалма түрдеги жанылғы саналады. Олар:

- Бензин;

- Керосин;

- Соляркалы май;

- Мазут.

Қатты ҳалындағы тәбиийий жанылғы саналып, олар:

- Қазып алынатуғын жанылғылар;

- Торф;

- Көмир;

- Көмир тасы;

- Антрацит;

- Жанылғы сланец.

Өсимлик жанылғысына:

- Ағаш отынлары;

- Ағаш шығынлары;

- Жанылғы брикетлери;

- Жанылғы гранулалар.

Жасалма қатты жанылғыларға:

- Древесный көмир;

- Кокс ҳәм ярым кокс;

- Көмир брикетлери;

- Көмирди тойынтырыўшы шығындылар (Отходы углеобогащения).

Ядерлық жанылғылар. Ядерлық жанылғылар тәбийий ураннан алынады. Олар:

- шахталарда (мәселен, Франция, Нигер, ЮАР);
- ашык карьтерлерде;
- жер астын қазыў арқалы алынады.

Франция, Нигерия, ЮАР мәмлектлеринде тийкарынан шахталарда алынады Австрия, Намибия мәмлекетлеринде ашық карьтерлерде алынады. Қазақстан, АҚШ, Канада, Россия мәмлекетлеринде жер астын қазыў усылы арқалы (способом подземного выщелачивания) алынады.

Атомлық энергия станциялары ушын тойынтырылған ураннан пайдаланылады. Сонлықтанда оны қазып алып болғаннан соң тойынтырыў ушын арнаўлы кәрханаларға жибериледи. Қайта исленгеннен тойынтырылған 90% уран сақлаўға жибериледи, ал 10% жәнеде бир неше процентке шекем тойынтырылады (3-5% бул энергетикалық реакторлар ушын).

Тойынтырылған уранның диоксиди арнаўлы кәрханаларға жибериледи, ол жерде цилиндрлик таблеткалар таярланады. Оларды узынлығы 4 метр болған ыссылық (жыллылық - (ТВЭЛ-тепловыделяющие элементы)) бөлип шығарыўши элементлер герметикалық цирконлы трубкаға жайластырылады. Жыллылық бөлип шығарыўшы элементлердиң бир неше жүзлегени қолайлы тәризде пайдаланыў ушын жыллылық бөлип бериўши бир қурылмаға бирлестириледи.

# 2-Бап. Жанылғы - энергияны үнемлеў

## 2.1. Өзбекстан Республикасында энергияны үнемлеўге ресурслық потенциалды баҳалаў

Энергетика тараўы - барлық түрдеги энергетикалық ресурсларды қайта ислеў, бөлистириў ҳәм олардан пайдаланыў ушын хызмет көрсетиўши ири көлемдеги тәбийий ҳәм инсан тәрепинен жаратылған (искуственных) системалар жыйнағынан қуралған болып, инсанның халық хожалығы тараўларындағы экономикалық хызмет түрлериниң бири болып табылады. Оның мақсети дәслепки тәбийий энергияны ислеп шығарыў жол арқалы екинши түрдеги энергия жәрдеминде өндиристи ҳәм халықты тәмийинлеў саналады. Атап өтетуғын болсақ, бүгинги күндеги электр энергия ямаса ыссылық энергиялары оның бир мысалы болады. Энергияны ислеп шығарыў процесси болса, бир неше басқышларда алып барылады:

- электр энергия ресурсларын концентрациялаў ҳәм алыў. Оған мысал ретинде ядролық ыссылық энергиясын қазып алыў, ислеў ҳәм тойынтырыў мысал болып табылады;

- ресурсларды электрлық қурылмалар жәрдеминде жеткерип бериў. Оған мазутты ыссылық электр станцияларына жеткерип бериў саналады;

- электр станциялар жәрдеминде дәслепки бирлемши энергия ресурсларын екинши түрде ислеп шығарыў, оған электр ҳәм ыссылық энергиядағы көмирдиң химиялық энергиясын атап өтиўимиз мүмкин (2.1-схемада келтирилген).

- тутыныўшыларға дәслепки энергия ресурсын қайта ислеў арқалы екилемши ресурсты жеткерип бериў, мәселен, электр жеткерип бериў линиялары бойынша тутыныўшыларга жеткерилип берилиў болып табылады.

Энергетика илим-пән тараўы сыпатында үйренилип, халық хожалығына бул бағдарда бир қанша қәнигелерде жетилистирилип бериледи. Тараў

қәнигелесиўине қарап төмендеги бағдарларға бөлинеди:




**2.1-схема. Көмирди қайта ислеў технологиясында алынатуғын өнимлер.**

- Энергетикалық система ҳәм оның комплексы;
- Электр энергетикалық станциялар ҳәм оның системалары;
- Ядро энергетикалық қурылмалар;
- Ыссылық энергетика санааты;
- Электр энергетикалық қурылмалар ҳәм тикленетуғын энергия түрлери (тикленетуғын энергия түрлери тийкарында);
- Жоқары қуўатлылықтағы техникалар;
- Ыссылық энергетика станциялары, олардың энергетикалық система ҳәм агрегатлары.

Электр энергетика - бул энергетика тараўының бир киши системасы болып (подсистема энергетики), өзинин қурамына электр станцияларда электр энергияларды ислеп шығарыў ҳәм электр энергияларын жеткерип бериўши линиялар бойынша тутыныўшыларға жеткерип бериўши элементлер жыйнағынан ибарат. Оның орайлық тийкарғы элементи электр станция саналады. Ол дәслепки энергиядан пайдаланыў ҳәм қайта ислеўине қарап түрленеди, яғный бир неше түрлерге бөлинеди. Ҳәр қандай мәмлекетте белгили бир түринен пайдаланыў биринши нәўбетте ресурсларға байланыслы.

Энергетика системасы - бул барлық түрдеги энергетикалық ресурслар жыйнағына айтылады. Сондай-ақ ол өз қурамына барлық түрдеги энергия менен тутыныўшыларды тәмийинлеўде энергия алыў, жеткерип бериў, қайта ислеў хәм бөлистирип бериўде қолланылатуғын қурылмалар ҳәм усылларды қамырап алады.

Энергетика системасына электр энергетикалық, нефть ҳәм газ бенен тәмийинлеў, көмир санааты, ядрлық энергетика системалары киреди. Бул системалар мәмлекетлер көлеминде (масштабында) тек бир ғана, сондай-ақ районлар көлеминде (масштабында) энергетика системасына бирлеседи. Белгили бир система бирлестирилген энергия менен тәмийинлеў системаларын өз нәўбетинде тараўлар аралық жанылғы-энергетика комплексы деп атайды. Ол дәслеп шәртли рәўиште ҳәр қыйлы түрдеги энергия ҳәм энергия ресурслары менен орын алмасыўын, биринен екиншисиниң орнын басыўшы ролинде атқарады. Көплеген жағдайларда энергетика системасы дегенимизде қысқаша орайластырылған тәризде басқарыў әмелге асырылган ыссылық ҳәм электр энергияларын жеткерип бериў, қайта ислеў ҳәм бөлистириўдеги улыўма үзликсиз режимде бирлестирилген өндирислик процесстеги ыссылық, электр тармақлары ҳәм электр станцияларының жыйнағы түсиниледи. Ҳәзирги күнде дүнья жүзи

бойынша электр энергия менен тутыныўшыларды тәмийинлеў, олардан узақ болған аралықларда ямаса жақын болған электр энергия станцияларында энергияларды ислеп шығарыў негизинде алып барылады. Еки жағдайда да электр энергияларды жеткерип бериў электр энергияларды жеткерип бериўши линиялары бойынша әмелге асырылады. Лекин узақ аралықлар арқалы тутыныўшыларды энергия менен тәмийинлеў ушын жоқары қуўатлықта ислеўши станциялар зәрүрли болады. Төмен ҳәм жоқары қуўатлылықтағы станциялар бир-бири менен параллель рәўиште бирлестирилип улыўма жоқары қуўатлылықта ислейди. Соның менен бирге ыссылық пунктлери болса, ыссылық жеткерип бериўши қурылмалар (теплопроводов) арқалы котеллы (котельные) ҳәм ыссылық энергия станциялары арқалы жақын аралықларда бирлестириў негизинде басқарылып барылады. Атап өтилген барлық элементлер жыйнағы энергия системасы деп аталады ҳәм бундай бирлеспеде төмендеги техник-экономикалық имканиятларға ерисиледи:

- белгили бир дәрежеде ыссылық ҳәм электр энергиялардын баҳасын арзанлатыў;

- тутыныўшыларды электр ҳәм ыссылық энергиялары менен тәмийинлеўдиң белгили бир дәрежеде исенимлигин арттырыў;

- ҳәр қыйлы түрдеги электр станциялардың үнемли (тежемли) түрде ислеўин арттырыў;

- электр станциялардың резервли қуўатлылықларын кемейтиў.

Бир қанша имканиятларга ийе болған электр энергия системалары дәслепки жыллардан баслап-ақ иске ендирилген болып, олардан 1974-жылда дүнья жүзиндеги электр энергиялардың барлығы болып 3% муғдарындағысы дара рәўиште ислеўши электр станциялар арқалы жеткерип берилген. Сол жыллардан берли энергетикалық системалардың қуўаттлылығы үзликсиз түрде артып барды ҳәм киши көлемдеги бөлеклеринен ири көлемдеги

жоқары қуўатлылыққа ийе болған бирлескен системалар пайда болды.

Ири санаат кәрханаларынан Өзбекстан Республикасында 2012-жылдың өзинде 5,6 мыңнан артық қурылма 255,6 млн. АҚШ доллары есабында модернизацияластырыў дәстүрлери негизинде жаңаланды. Соннан 2,9 мыңнан артығы, яғный 173 млн. АҚШ долларында жанылғы-электр энергетикалық комплекс, химиялық, нефть-химиялық ҳәм металлургия санаат кәрханалары ушын қаржылар бағдарланған болып табылады.

Олардын тийкарғы қаржыландырыў дереги Өзбекстан Республикасы коммерциялық банклериниң узақ мүддетли кредитлери болып табылады. Олар заман талабындағы ҳәм дүнья жүзлик технологиялардың сынақ басқышларынан нәтийжели өткенлерин жергиликли кәрханаларға ендириўге актив қатнасы ўларына ҳүкимет тәрепинен көрсетпелер берип барылады. Соның менен бир қатарда Министрлер Кабинетиниң 2012-жыл, 19-апрель сәнесиндеги "О дополнительных мерах по ускоренному обновлению морально и физически устаревшего оборудования предприятий отраслей промышленности" атамасындағы қарарына муўапық 2012-2014-жыллар аралығында индустриал комплекслерди жаңалаў бойынша ис илажлар ислеп шығылып қабыл етилген.

Оның көлеминде ҳүкиметимиз тәрепинен 418 ири санаат кәрханаларын ҳәм ислеп шығарыў тараўларында технологиялық үскенелер, технологиялар бойынша техникалық аудиторлық ислер алып барылды (өткерилди). Олар бойынша берилген материалларды үйрениў негизинде ҳәрекеттеги үскенелердиң техникалық ҳәм технологиялық өнимдарлығы, шийки зат, материаллар ҳәм оларды қураўшы өнимлер ҳәм энергия ресурслары ушын сарыпланатуғын қәрежетлер, ислеп шығарыў, яғный өндирис фондларының физикалық ҳәм мораллық ескириўлери анықланды. Олардан 1691,4 мың үскенелерден үштен бири жаңалаўды талапететуғын дәрежеде екенлиги белгиленди (Обследование 1691,4 тыс. единиц оборудования показало, что

треть требует обновления).

Олардың жуўмағы бойынша 2012-2014-жылларда жаңа 2015-жылға мөлшерленген санаат тараўындағы кәрхана үскенелериниң физикалық ҳәм мораллық жақтан ескириўин (по ускоренному обновлению) жаңалаў бойынша бир қатар ис илажлары ислеп шығылды, яғный онда республикадағы кәрханалардың 1,12 млрд. АҚШ долларында баҳаланған 16678 қурылмасын жаңалаў жобаластырылды.

Келешекте тараўдың раўажланыўын тәмийинлеп барыў мақсетинде жанылғы-энергетикалық комплекс, химиялық, нефть химиялық ҳәм металлургиялық санаат тараўларында 109737 үскене ҳәм қурылмаларды 925,5 млн. АҚШ долларына жаңалаў ислерин алып барыў белгиленген. Бул көрсеткишлерди басқа тараўлар менен салыстырмалы түрде берип өтсек, төмендегилерден ибарат:

- Машина қурылысы, элекрт техника ҳәм авиациялық санаат кәрханаларында ислеп шығарылатуғын өнимлерди стандартластырыў негизинде 66,2 млн. АҚШ долларына 992 үскене ҳәм қурылмаларды жаңаў бойынша өзгертиў белгиленген;

- Коммунал хызмет көрсетиў тараўында, яғный транспорта, капиталь қурылыс ҳәм қурылыс индустриясында 35,4 млн. АҚШ долларында 614 қурылманы жаңалаў бойынша өзгертиў белгиленген.

- Аўыл ҳәм суў хожалығы тараўындағы аўыл хожалығы өнимлерин ҳәм тутыныў товарларын қайта ислеў кәрханалардында 86 млн. АҚШ долларына 4 мыңнан артық қурылма ҳәм үскенелерди жаңалаў бойынша ислерди алып барыў белгиленген.

Санаатта шығынларды кемейтиў ҳаққында кең көлемли дәстүрлер әмелге асырылмақта. Олардан шығынларды орташа 11,2% кемейтиў мақсетинде ҳүкиметимиз тәрепинен 7-марта 2012-жылда "Саноатта өндирис қәрежетлерин ҳәм өнимниң өзине түсер баҳасын кемейтиў бойынша қосымша

ис-илажларын ҳаққында" ғы қарары қабыл етилди.

Бул дәстүр бойыншада алып барылып атырған ислер көлемин салыстырмалы үйренип өтсек:

- Машин қурылысы, электр техникасы ҳәм авиация санаат тараўларында 2012 жыл жуўмағы бойынша, яғный жылына шығынларды орташа 5,1% кемейтиўге ерисиўи;

- тутыны ў товарларын ислеп шығарыўшы, яғный жеңил, текстиль, азық-аўқат, териден товар ислеп шығарыў ҳ.т.б. тараўларда 14,8% кемейтиўге;

- Коммуналлық хызмет көрсетиў тараўында, транспорт, капиталь қурылыс ҳәм қурылысиндустрияларында өндирис шығынларын 14,6% ке кемейтиўге ерисиў мүмкинлиги белгиленген. Егер бул мәмлекетимиз көлеминде алып барылса стимулирующий инструмент болады. Нәтийжеде өнимниң өзине түсер баҳасын кемейтиў менен үнемленетуғын қаржылар ҳәр бир тараў кәрханаларының ихтиярына қалады. Олар болса, бул қәрежетлерди өзлериниң екинши бир мақсетлерине қарап пайдаланады.

Демек, алып барылатуғын ис илажлар негизинде бир қатар экономикалық нәтийжелерге ерисиледи, яғный өнимниң өзине түсер баҳасын кемейтиўге, оның нәтийжесинде жергиликли өнимлеримиздиң, яғный шийки зат, материаллар, соның менен бирге тийкарынан таяр өнимлердиң жалдан-жылға ишки ҳәм сыртқы базарларда бәсекеге шыдамлылығын арттырыўға ерисиўимиз мүмкин. Көрилетуғын ис-илажлар негизинде өнимлерди экспорт етиў, экспорт етилетуғын өнимлердиң номенклатурасын (түрин) ҳәм көлемин арттырып барыўге ерисиў менен жергиликли өним ислеп шығарыўшыларды орынларында беккемлеп барып географиялық кеңислигин кеңейтип барыўға ерисиледи.

Ҳәммеге мәлим экспорт етилетуғын өнимлерден ең жоқары баҳаланатуғын, монопол өнимлердиң бири жанылғы-энергиялары болып табылады. Энергияны үнемлеў (тежеў) де энергия ресурсларын басқа

регионлардан алыў менен бирге альтернатив түрде өндириў арқалы көлемин арттырыўда нәтийжели усыллардан бири саналады.

Нәтийжеде шығынларды 5-7 мәртеге кемейтиў ерисиўге болады. Сонлықтанда қайсы жерде жанылғы-энергия ресурсларын тежеў бойынша потенциал ҳәм имканиятлар қанша көп болса, сол арқалы энергияны үнемлеўге ерисиў ҳәм тараўды раўажландырыў жолы жоқары болады. Республика ушын жанылғы ҳәм энергия тежеўде потенциалын анықлаў бир қатар қәсийетлерине байланыслы, олардан әҳмийетлилери:

- Энергия талап ететуғын бир қатар тараў ҳәм өндирислерде өнимниң өзине түсер баҳасында жанылғы ҳәм энергияның үлеси жоқары көлемди ийелейди. Олардан қара ҳәм реңли металлургия, ағаш ислеп шығарыўшы, целлюлозли – қағаз ислеп шығарыў санаатлары ушын 40% тен артық жанылғы ҳәм энергия талап етеди;

- Республика климитлик жақдайы бойынша суўықтың ерте ҳәм қатты келиўи, узақ ўақыт даўам етиўинде жанылғы, жыллылық энергияларының тутыныў, өндириў көлеминиң артыўы, жанылғы - энергияларға сарыпланатуғын қәрежетлерди кемейтиў ушын электр энергия ҳәм басқада ресурслардан пайдаланыў арқалы белгили бир дәрежеге үнемлеўге бар болған имканиятлар;

- Белгили бир районларға жанылғы ҳәм энергияларды жеткерип бериўде, ямаса транспортировка етиўдеги насазлықлар есабына жанылғы ҳәм энергиялардан нәтийжели пайдаланыўдағы шәраяталар, кемшиликлердиң жүз бериў дәрежеси менен характерленеди.

Кемшиликлердиң жүз бериўи төмендеги жағдайларғы туўры келиўи мүмкин:

- Өткен дәўир аралығында энергия ресурслары потенциалынан пайдаланыў ҳәм тежеўдиң дурыс алып барылмағанлығы, оларды басқарыў;

- Капитал қойылмалардың шеклеўлери ҳәм нызамлықлар, нормативли-ҳуқық базаларын беккемлеўдеги машқалалар;

- Жанылғы ҳәм энергия жеткерип бериўдеги техник қурылмалардың ескириўи, тозыўы, яғный транспортировка етиўдеги бүгинги күн машқалалары.

Республикада энергиядан пайдаланыў ҳәм оны үнемлеў бойынша ислеп шығылған дәстүрлер энергияны тежеў, үнемлеўде республиканың экономикалық-техниклық потенциалларын баҳаламай турып алып барылмайды. Энергия тараўындағы өндирислик болмаған қәрежетлер республиканың жанылғы-энергетика, санаат, инвестициялық ҳәм транспортлық комплекслеринде, соның менен бирге коммуналлық хызмет көрсетиў секторларындағы экономикалық өнимдарлықтың төмен болыўы Өзбекстан бойынша орташа 10-15% лик дәрежеге тура келмекте (2.1-Диаграмма).




**2.1-Диаграмма. Экономика тараўлары бойынша ҳәм халықтың электр энергияны тутыныўдың 2013-жыллық структурасы, процентте**

Ғәрезсизликтен кейинги жыллар аралығын салыстырмалы берип өтсек, республикада энергияны тежеў потенциалы 1995-жылға салыстырғанда 2010-жылларда баҳалаў көрсеткиши 1,6-2,0 млн. т. артқанлығы белгиленген. Соның менен бирге өткен дәўирде белгиленген потенциалдың дерлик ярымы санаат тараўына ҳәм 20% коммуналлық хызмет көрсетиў секторына туўра келген.

Республикада усы дәўирде газлестириўди кеңейтиў әмийнтли орын ийеледи. Жанылғы-энергиялар балансы негизинде энергия тасыўшылар, жеткерип бериўшилер негизинде энергияны тежеўге тийкарланып көплеген тутыныўшылар жанылғыдан газге өткерилди, энергетика тараўында да бир қатар жетискенликлерге ерисилди. Жанылғы ҳәм энергия тежеўши масламалар, қурылмалар (счетчик, газ плиталар ҳ.т.б.) тутыны ўшыларға орнатылып берилди. Нәтийжеде жанылғы – энергетика комплексиниң барлық жумысларында нәтийжеликлерге еристилди (2.2-Даграмма).




**2.2-Диаграмма. Компанияның электр станцияларында 2013-жылда жанылғының тутынылғанлығы бойынша структурасы, процентте**

Жыллылық энергияларынан, яғный пуў (пар) ҳәм ыссы суўлардан нәтийжели пайдаланылмағанлығы себепли, булда бүгинги күнде актуаль мәселелерден бирине айланды. Сол себепли энергияны үнемлеў (тежеў) де

жәмийетлик биналарда ҳәм жасаў орынлардағы жылытыў қыздырыў системаларында, коммуналлық – жасаў секторында, санаатта жыллылық энергияларынан нәтийжели пайдаланыў тийкарғы мәселе саналды.

Тийкарынан әпиўайы усыллар негизинде, яғный айна ҳәм қапыларды желимлеў, беккемлеўдиң өзинде бақлаўлар нәтийжесинде 40% ке, айнаның көзи (стекла) негизинде – 15% шекем, ал орынлардың пол ҳәм төбелериниң (потолки) дурыс ҳәм толық сыпатлы бастырылмағанлығы себепли – 7% шекем, ыссы суўлардан пайдаланыў негизинде 23% шекем энергиялар нәтийжеси сарыпланған .

Шет ел тәжрийбелери бойыншада бундай жағдайлар шет мәмлекетлерде де жүз беретуғын екен. Олардың нәтийжесинде шет мәмлекетлерден Указанные потери в 4-8 раз превышает аналогичные в Финляндии, Швеции и АҚШ да 4-8 мәртеге жоғалтыўлар артатуғын екен.

**2.4-диаграмма. Өзбекстандағы электрлық станцияларда орнатылған куўатлылықтағы структурасы, процентте**

Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан әмелге асырылған меншиклестириў нәтийжесинде 96 проценттен артық шаңарақ алдынғы дәўирлерде мәмлекетлик мүлк көлеминде болған үй-жайларды жеке мүлк етип өзлестирип алды. Халықтың үй-жай менен тәмийинлениў дәрежеси 1990-жылларда ҳәр бир адамға 12,1 квадрат метрди қураған болса, 2010-жылда бул көрсеткиш 15,2 квадрат метрге жетти, яғный 1,26 есеге артты. Бүгинги күнде 77,4 процентке жақын шаңарақ дара түрдеги үй-жайларға ҳәм коттежлерде жасамақта. Олардың саны күннен-күнге артып бармақта. Соның менен бирге оларға сапалы коммуналлық хызметлер көрсетиў тийкарынан жыллылық, ыссылық энергиялары менен ҳәм газ бенен тәмийинлеў ислерин әмелге асырылмақта (2.3-Диаграмма).




Дерек: Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик статистика комитети

**2.3-диаграмма. Халықтың тәбийий газ, суў менен тәмийинленлениўи ҳәм жылытыў системалары, процентте**

Аўыллық елатларда жанылғы-энергиялар менен бирге халықтын ишимлик суўы менен ҳәм тәбийий газ бенен тәмийинлеў бойынша мәмлекетлик дәстүрдиң әмелге асырылыўы нәтийжесинде тараўдың жағдайы түптен өзгерип бармақта, күннен-күнге жақсыланып, жаңаланбақта (2.1-кесте).

Улыўма, ғәрезсизлик жылларда коммуналлық хызмет көрсетиў тараўдың раўажланыўы ушын 676,4 миллион доллар муғдарындағы узақ мүддетли жеңилликли шет ел инвестиция ҳәм кредитлери иске тартылмақта.

Халықтың таза ишимлик суўы ҳәм тәбийий газдан пайдаланыў имканиятлары кеңейтириўде жоқарыда атап өтилген дәстүрлер менен бирге, магистрал ишимлик суў ҳәм тәбийий газ тармақларын қурыў бойынша анық мақсетли мәмлекетлик дәстүрлердиң әмелге асырылыўы үлкен әҳмийетке ийе еди. Салыстырмалы түрде берип өтсек 1991-2009-жылларда 54 мың километрдан артық, соннан, аўыллық жерлерде 47,9 мың километрлик суў

тармақлары ҳәм ишимлик суў трубалары, 74 мың километрден артық, соннан, аўыллық жерлерде 67,6 мың километрлик газ тармақлары қурылып, иске түсирилди.

2.1-кесте.

**Халықтың коммунал хызматлер менен тәмийинлениў дәрежеси, Халықтың улыўма санына салыстырмалы процентте берилиўи**

| Көрсеткишлер | 1990 жыл | 2000 жыл | 2010 жыл |
|---|---|---|---|
| Ишимлик суўи менен тәмийинлениўи | 64,0 | 80,4 | 82,6 |
| соннан, аўыллық елатларда | 55,0 | 72,3 | 75,8 |
| Тәбийий газ бенен тәмийинлениўи | 44,6 | 76,1 | 83,7 |
| соннан, аўыллық елатларда | 19,3 | 65,9 | 77,7 |
| Орайлық жылытыў (ыссытыў) системасы | 29,1 | 35,4 | 41,0 |
| Аўқатланыў хызмети(канализация) | 25,5 | 28,3 | 37,1 |
| Бир адамға туўры келетуғын орташа үй-жайдың майданы, квадрат метр есабында | 12,1 | 13,8 | 15,2 |

*Дерек: Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик статистикалық коммитет.

Халықты социаллық жақтан қорғаў, заман талабындағы үй-жайлар қурыў ҳәм соның менен бирге, раўажланған инфраструктураны жаратыў, бул процесслерге инвестицияларды тартыў, соның негизинде ең қурамалы ҳәм әҳмийетли социаллық машқалалардан бири – халықтың бәнтлик мәселесин шешиў мақсетинде 2009-жылдан берлиде бир қанша ири көлемли ислер әмелге асырылды. Бул мәселелер 2013-жылдың апрел айында Ташкент қаласында өткерилген “Заман талабындағы үй-жай қурылысы – аўыллық жайларды комплексли раўажландырыў, көринислерин өзгертиў ҳәм халық

турмысының сыпатын жақсылаў факторы” атамасындығы халық аралық конференцияда да президентимиз тәрепинен атап өтилди.

Үлгили жойбарлар негизинде елимизде 159 аўыл елатларында 56 жаңа аўыллық үй-жайлар массиви жаратылды. Аўыл халқын орайластырылған тәризде тармақлар арқалы таза ишимлик суўы менен тәмийинлеў дәрежеси 75,8 процентке жеткерилди.

Аўыллық еллатларда басланған қурылыс ислери 2013-жылы 353 аўыллық массивлерде даўам еттирилди. Онда улыўма майданы 1,4 миллион квадрат метр, барлық шәрт-шәраятларға ийе болған 10 мың үй-жай қурылысы, узынлығы 300 километрден артық болған ишимлик суў тармақлары, 280 километрден артық электр тармақлары иске түсирилди. 240 километр автомобиль жоллары қурылды. Нәтийжеде кең көлемли социаллық ҳәм базар инфраструктуарсы жаратылды. Бул мақсетлер ушын 2013-жылы 1 миллиард АҚШ долларына жақын муғдарында инвесттиция бағдарланды (сарыпланды).

## 2.2. Республикада жанылғы-энергетика ресурсларын келешекте тутыныў (пайдаланыў) ҳәм үнемлеўи

Елимиздиң экономикалық потенциалы барған сайын артып бармақта.

Жоқарыда атап өтилген факторлардың материалласыўын тәмийинлеўши исенимли базалар мәмлекетимиз бар. Оның ушын айырым көрсеткишлерге итибар берсек, Өзбекстан Республикасында 700 ден артық пайдалы қазылма байлықлардың кәни илимий–изертлеўлер негизинде табылған. Мәмлекетимиздеги ҳәм шет еллик экспертлердиң баҳалаўлары бойынша жәми 3 триллион АҚШ долларынан зыят болған 95 түрдеги минерал шийки зат запасларының барлығы анықланған. Ҳәзирги күнде Өзбекстан территориясында улыўма көлеми 5 мың тоннадан артық болған 38 алтын кәни бар. Алтын қазып алыў бойынша МДҲ мәмлекетлери бойынша екинши орынды, дүнья жүзи бойынша сегизинши орында турады.

Сондай-ақ, республикамыз қүдиретли раўажланған энергетика базасынада ийе. Өзбекстан Республикасы дүньядағы тәбийий газ экспорт етиўде дәслепки 10 мәмлекетлер қатарына киреди. Елимизде тәбийий газдың излеп табылған запасы болса, 5 триллион куб метрди қурайды. Мәмлекетимиз территориясында соның менен бирге басқада энергетика запаслары бар. Олардан бүгинги күнде көмир запасы 2 миллиард тоннадан артық, улыўма муғдары 5 миллиард тоннадан артық болған 140 нефть кәни ашылған.

Өткен “Абат турмыс жылында” да мәмлекетлик дәстүрлерде энергетика мәселесине жүдә үлкен әҳмийнет берилген еди. Инвестициялық жойбарлар бойынша 2013-жылдың өзинде 26 ты жойбар жаңа энергетика қуўатларын жаратыў мүмкиншиликлерине ерисилди. Олардан Таллимаржон ҳәм Ташкент ыссылық электр станцияларында пуў (парлы) – газ қурылмалары, Ангрен ыссылық электр станциясында энергоблок, Ферғанада жаңа энергетика қуўатлары жаратылған болса, Сырдәрья ҳәм Жаңа Ангренде ыссылық электр станцияларын бир-бири менен байланыстырыўшы жоқары вольтли электр жеткерип бериўши тармақ қурылды.

Мәмлекетимизде экономиканы модернизациялаў ҳәм диверсификациялаў, заманагөй бизнес инфраструктурасын раўажландырыў бағдарында үлкен жумыслар әмелге асырылмақта. Елимиздеги макроэкономикалық турақлылық ҳәм қолай инвестициялық орталықтың тәсиринде ең раўажланған мәмлекетлер, абыройлы қаржы мәкемелери елимиз бенен бирге ислеспекте. Буның нәтийжесинде жаңадан-жаңа заманагөй кәрханалар қурылмақта. Өзбекистан ушын Корея Республикасы ўақыт сынағынан өткен ҳәм ҳәр тәреплеме исенимли стратегиялық шерик болып табылады.

Бүгинги күнде Өзбекистан - Қубла Корея қатнасықлары мәмлекетлер аралық ҳәм ҳүкиметлер аралық дәрежеде, фирма ҳәм компаниялар шеңберинде өз-ара мәпдарлық тийкарында раўажланбақта. Елмиз арасында

сиясий, саўда-экономикалық, инвестициялық, мәдений-гуманитар салаларда қәлиплескен қатнасықлар 2006-жылда қол қойылған стратегиялық шериклик ҳаққындағы бирликтеги декларация руўхында избе-из раўажланып, жаңа мазмун менен байып бармақта. Өз-ара бирге ислесиў барысында жаңадан-жаңа өндирис кәрханалары қурылмақта.

Сүргил кәни негизинде қурылып атырған Үстирт газ-химия комплекси Өзбекистан ҳәм Қубла Корея шериклигиниң жарқын үлгиси болып табылады. Усы жойбардың улыўма нырқы 3,9 миллиард АҚШ долларын қурайды. Оның әмелге асырылыўы жылына 4,5 миллиард куб метр тәбийғый газди қайта ислеўдиң есабынан 3,7 миллиард куб метр газ, 387 мың тонна полиэтилен, 83 мың тонна полипропилен, 102 мың тонна пиролиз бензини ҳәм басқа да қымбат баҳалы өнимлер ислеп шығарыў имканын береди.

Бундай ири ҳәм әҳмийетли жойбарды Корея Республикасы менен бирликте әмелге асырып атырғанлығы Өзбекистан Корея Республикасына үлкен экономикалық, индустриаллық ҳәм интеллектуаллық потенциалға ийе раўажланған мәмлекет сыпатында қарайды. Еллеримиз арасында қәлиплескен беккем ҳәм өз-ара пайдалы шерикликтиң қәлиплесип барыўы жоқары саналады.

Үстирт газ-химия комплекси нефть-химия саласында дүньядағы ең ири жойбарлардан бири болып табылады. Халық аралық «Project Finance International» басыпасы комплексти қурыў жойбарының жойбарлық қаржыландырыў келисимин нефть-химия ҳәм газ-химия секторындағы 2012-жылдың ең жақсы жойбары, деп тән алған. Сондай-ақ, ол «Trade Finance Magazine» ҳәм «Global Trade Review» басылымларының «2012-жылдың ең жақсы келисими» халық аралық сыйлықларына миясар болған.

Сондай-ақ халық аралық «Infrastructyre Journal» баспасы усы газ-химия комплекси қурылысының жойбарына «Нефть-газ саласындағы 2014-жылдың глобаллық келисими» абыройлы сыйлығын берди.

Усы жойбар қоспа кәрхананың шөлкемлестириўшилери болған Қубла Кореяның «Kogas«, «LOtto Chemical», «STX Energy» компаниялары ҳәм «Өзбекнефтьгаз» миллий холдинг компаниясының 1,4 миллиард доллар көлеминдеги туўрыдан-туўры киритилетуғын инвестициясы, сондай-ақ, 2,5 миллиард доллардан аслам кредит ресурсларының есабынан қаржыландырылмақта.

Жойбарды қаржыландырыўда Азия раўажланыў банки, Korea Development Bank, Korea Finance Corporation (Корея Республикасы), China Development Bank (Қытай), ING (Нидерландия), Hermes, KfW, Bayern, LB, Siemens Bank (Германия), Credit Suisse (Швейцария), EKN, Nordea, SEC (Швеция) сыяқлы раўажланыў банклери ҳәм жетекши коммерциялық банклер, соның менен бирге, Қубла Корея, Германия ҳәм Швецияның жойбарды әмелге асырыўда қатнасып атырған банклерине қамсызландырыў төлемлерин усынған экспорт-импорт агентликлери сыяқлы абыройлы қаржы мәкемелери қатнасып атырғаны бул жойбардың қаншелли сртатегиялық әҳмийетке ийелигин билдиреди.

Қурылысы 2012-жылда басланған болып, бүгинги күнде жедел даўам етпекте. Заманагөй инфраструктура объектлери қурылып, үскенелер орнатылмақта. Комплекс қурылысында 6 мың 400 ге шамалас адам мийнет етпекте. Олардың 3 мың 500 ден асламы елимиздиң қәнигелери болып, көпшилигин жаслар қурайды.

Санаат тармақларының өнимдарлығын ҳәм бәсекеге шыдамлылығын жәнеде арттырыў мақсетинде, 2011-2015-жыллар Өзбекистан Республикасы санаатын раўажландырыўдың баслы бағдарлары ҳаққында дәстүрлер қабыл етилди. Дәстүрде жәми 47,5 миллиард долларлық 500 дан артық инвестициялық жойбарлар әмелге асырыў белгиленген.

Дәстүрде энергетика, нефть-газ-химия, химия, тоқымашылық ҳәм жеңил санаат тараўлары, реңли металлургия, машина сазлаў ҳәм автомобил сазлаў,

фармацевтика, аўыл хожалығы өнимлерин сыпатынлы **хәм терең** қайта ислеў, қурылыс материалларын ислеп шығарыў сыяқлы баслы тармақларды жедел раўажландырыў нәзерде тутылған.

Тийкарынан жанылғы-энергетика комплексын раўажландырыў бойынша 2011-2015-жылларда мәмлекетимиз энергетика потенциалын жәнеде раўажландырыў, ресурсларды тежейтуғын технологияларды иске ендириў, тутыныўшыларды энергия менен исенимли түрде ҳәм сыпатлы тәмийинлеў, энергия қуўатларынан пайдаланыўдың өнимдарлығын арттырыўға қаратылған онлап инвестиция жойбарлары әмелге асырылмақта. Мәмлекет көлеминде көрилген ис-илажлар негизинде 2015-жылда санаатда сарыпланатуғын энергияның үлеси keминде 30 проценке кемейтиўге қаратылмақта

Химиялық өнимлерди ислеп шығарыўда бәсекелесиў үстинлигине, тийкарынан, тәбийий ресурслардың үлкен потенциалына, қүдретли ислеп шығарыў, техникалық база ҳәмде жоқары маманлықтағы кадрларға ийе болған химия санаатына жаңа жойбарларды әмелге асырыў ушын инвестициялар тартыў әҳмийетли саналады. Бул тараўда 2011-2015-жылларда химиялық ислеп шығарыўларды жедел раўажландырыў, материаллар ҳәм таяр өнимлердиң принципиаль жаңа түрлерини ислеп шығартыўды өзлестирип барыўға қаратылған 30 ден артық инвестициялық жойбарлар әмелге асырыў, химиялық өнимлерди ислеп шығарыўдың көлемин 1,6 мәртеге асырыў қаралды.

Структуралық өзгерислер бойынша 2011-2015-жылларда экономикалық тараў ҳәм тармақларды диверсификация, модернизация етиў ислерин даўам етиў, ислеп шығарыўды техник-технологиялық жаңалаў, сондай-ақ, транспорт, инженерлик, коммуникация ҳәм социаллық инфраструктураларды раўажландырыў процесслерин жәнеде тереңлестириўге қаратылған актив инвестициялық сиясат бүгинги күнде де алып барылмақта.

Бул мақсетлерде 2011-2015-жыллар ушын соңғы 5-жыл ишинде өзлестирилген инвестицияларға салыстырмалы қарағанда 2 мәртеге көп, жәми 77,4 миллиард АҚШ доллары муғдарында инвестицияларды бағдарлаў қаралған. Тийкарғы капиталға киритилип атырған инвестициялардың жалпы ишки өнимге салыстырғандағы үлеси 24 проценттен кем болмаўы структуралық өзгерислерди тез пәт пенен әмелге асырылып барылыўы менен характерленеди ҳәм экономиканы модернизацияластырыў ислериде тәмийинленеди.

Инвестициялық жойбарларды қаржыландырыўдың тийкарғы бөлеги ишки ресурсларды бағдарлаў есабынан әмелге асырылады. Стратегик әҳмийетке ийе болғанлары, биринши нәўбетте, инфраструктураны қәлиплестириў, өндиристи реконструкция етиў ҳәм модернизация етиўге қаратылған жойбарларды әмелге асырыўға ишки ресурсларды тартыўда Өзбекстан Республикасы Тиклениў ҳәм раўажлантырыў жамғармасы айырықша орын ийелейди. Жамғарманың структуралық өзгерислерди алып барыўдағы ролиниң жәнеде артып баратырғанлығын инабатқа алып, жақын жылларда оның есап бетинде 10 миллиард АҚШ долларындағы муғдарынанда зият қаржы топланыў күтилмекте.

Жанылғы-энергетика, машина сазлаў ҳәм автомобиль сазлаў тармақларын раўажландырыў, электр энергети тараўында энергия ислеп шығарыў қуўатларының өнимдарлығын арттыры, диверсификация етиў, металлургия санаатын комплексли модернизациялаў, химия санаатында раўажландырыў ҳәм диверсификация етиў, транспорт ҳәм өндирис инфратузилмасын раўажландырыўға қаратылған жойбарларды қаржыландырыў ушын Тиклениў ҳәм раўажланыў жамғармасы тәрепинен 4,7 миллиард АҚШ доллары муғдарынан зият қаржы көлеми бағдарланбақта.

Жамғарманың ең әҳмийетли ўазыйпаларынан бири стратегик инвестициялық жойбарларды биргеликте қаржыландырыў мақсетинде ири

көлемдеги шет ел инвестор ҳәм оның шериклер тартылады. Мәселен, Япония халық аралық биргеликте ислесиўши агентлиги ҳәм Азия раўажланыў банки қатнасында әмелге асырылып атырған, улыўма қуны 1,28 миллиард АҚШ долларына тең болған Таллимаржан ыссылық электр станциясында еки пуў (пар)-газ қурылмасын қурыўдың жойбары усылар қурамында есапланады.

Мамлекетимизде ҳәр жылғы баслы бағдарлардан бири, ең дәслеп, туўрыдан-туўры тартылып атырған шет еллик инвестициялардың көлемин арттырыў, шет ел инвесторлары ушын исенимли кепиллиелер жаратыў ҳәм олардың исенимин беккемлеп барыў мақсетинде жәнеде қолайлы инвестиция орталығын қәлиплестириўден ибарат.

Бул ўазыйпаларды әмелге асырыў арқалы 2011-2015-жыллар даўамында 13 миллиард АҚШ доллары муғдарынан артық, яғный ол өткен бес жылдағыға салыстырғанда 1,7 мәртегер туўрыдан-туўры шет инвестицияларын тартыў ислери тәмийинленеди. Бул қаржылар ең алдынғы технологиялар менен үскенеленген, шийки зат ресурсларын терең қайта ислейтуғын ҳәмде бәсекиге шыдамлы таяр өнимлер ислеп шығарылыўын тәмийинлейтуғын, мәмлекетимиздиң экспортлық потенциалын арттырыўда, жаңа жумыс орынларын жаратыўға хызмет ететуғын жаңа санаат кәрханаларын пайда етиў бойынша шет ел инвесторлар қатнасындағы 320 дан артық ири инвестициялық жойбарларды әмелге асырыўға бағдарланады.

Жойбарлар ҳаққында сөз барғанда, бизлер ушын дәслеп, Сүргил кәни базасыда Үстүрт газ-химия комплексин жаратыў, соның менен бирге Шортан газ-химия комплексинде тазаланған метан базасында суйылтырылған синтетик жанылғы ислеп шығарыў, Мубәрек газ-химия комплексин қурыў, Қандим топары кәнлерин өзлестирип, газди қайта ислейтуғын завод жаратыў, Наўайы областында аммиак ҳәм карбамид ислеп шығаратуғын заманагөй комплекс қурыў, автомобиль двигателлери, үлкен көлемде жүк тасыйтуғын «МАН» автомобиллери, «Мерседес-Бенц» шоссиси базасында көп орынлы

автобуслар, «Клаас» компаниясы менен биргеликте аўыл хожалығы техникасын ислеп шығарыўды, техник ҳәм поликристалл кремний ислеп шығарыў, таяр өним ислеп шығарыўдың толық циклине ийе болған вертикал интеграцияласқан текстиль комплекслерин, таяр дәри препаратларын ислеп шығаратуғын кәрханаларды жаратыў ҳәм басқада жойбарлар 2011-2015-жылларға мөлшерленген.

Экономикалық структуралық өзгерислерде Өзбекстан ири халық аралық финанс институтлары, ҳүкиметлик шөлкемлер ҳәм шет ел банклери, биринши нәўбетте мәмлекетимиз бенен ири инвестиция жойбарларын әмелге асырыў бойынша өз-ара биргеликте ислесиў бойынша байланысларын кеңейтирип барыўға айырықша үлкен қызығыўшылық билдириўши Азия раўажланыў банки, Жәҳән банки, Ислам раўажланыў банки, Япония, Қубла Корея ҳәм ҚХР раўажланыў банклери, қатар арап мәмлекетлериниң инвестиция фондларын тартыў мәселесине үлкен әҳмийет бериледи.

Жуўмақлап айтқанда, 2011-2015-жылларда жәми шет ел инвестиция ҳәм кредитлердиң көлеми 18,6 миллиард АҚШ долларин қурайды. Оны өткен бес жылға салыстырғанда 2 мәртеге көп. Олардың 75 проценттен артығын туўрыдан-туўры киритилген шет ел инвестициялары қурайды. Бул бойынша қарыз қаржылары узақ мүддетли түрде тек социаллық ҳәм өндирис инфраструктураларды раўажландырыў, экономиканың стратегик тармақларын модернизация етиў, сондай-ақ, шет еллик финанслық институтлардың кредит линияларын мәмлекетимиз коммерциялық банклар арқалы қайта қаржыландырыў жолы менен киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик субъектлерин қоллап-қуўатлаўға қаратылған инвестиция жойбарларында қаржыландырыўға қаратылады.

Санаатты турақлы, тез пәт пенен раўажландырыў, өндирис қуўатларын модернизация етиў, техник ва технологиялық жаңалаў негизинде санааттың тийкарғы тармақларын диверсификация етиў, экспортқа бағдарланған ҳәм

импорт орнын басатуғын бәсекеге шыдамлы өнимлер ислеп шығарыў көлемин көбейтиў бойынша әмелге асырылып киятрыған ис-илажлар 2011-2015-жылларда елимизде санаат өндирисиниң көлемин 1,6 мәртеге асырыўға қаратылған.

Санаат тармақларының өнимдарлығын ҳәм бәсекеге шыдамлылығын жәнеде арттырыў мақсетиндеа, 2011-2015-жылларда Өзбекстан Республикасы санаатын раўажландырыўдың баслы бағдарлары ҳаққында дәстүрде қабыл етилди. Дәстүрде жәми 47,5 миллиард АҚШ долларлық 500 ден артық инвестиция жойбарын әмелге асырыў белгиленген.

Дәстүрде тийкарынан энергетика, нефть-газ-химия, химия, тоқымашылық ҳәм жеңил санаат тараўларын, реңли металлургия, машина сазлаў ҳәм автомобиль сазлаў, фармацевтика, аўыл хожалығы өнимлерин сыпатлы, терең қайта ислеў, қурылыс материалларын ислеп шығарыў сыяқлы баслы тармақларды тез пәт пенен раўжландырыў нәзерде тутылған.

Мәмлекетимиз дәстүрлер көлеминде әмелге асырылған ислер нәтийжесинде Қарақалпақстан Республикамызда 2015-жылдың биринши ярым жыллығында социаллық-экономикалық раўажландырыў бағдарында айтарлықтай нәтийжелерге ерисилип, экономиканың турақлы өсим пәтлери тәмийинленди.

Жалпы аймақлық өним 9,6, санаат өнимлерин ислеп шығарыўдың көлеми 9,9, тутыныў товарларын ислеп шығарыў 16,6, қурылыс жумысларының көлеми 9,3, хызмет көрсетиўдиң көлеми 15,7, аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўдиң көлеми 6,3 процентке өсти. Ал, киши бизнестиң жалпы аймақлық өнимдеги үлеси 51 процентти қурады.

Экономиканың жетекши тармақларын модернизациялаў, техникалық ҳәм технологиялық жақтан жаңалаў, соның ишинде, химия, энергетика, жеңил санаатта тастыйықланған бағдарламалар басқышпа-басқыш әмелге асырылмақта. Мәселен, «Қоңырат сода заводы» унитар кәрханасында баҳасы

109 миллион долларлық инвестицияны киргизиўдиң есабынан жылына қосымша 100 мың тонна кальцийленген сода ислеп шығарыўды жолға қойыў режелестирилип, бүгинги күнге жәми 91 миллион долларлық инвестициялар өзлестирилди. «Тақыятас ыссылық энергиясы» кәрханасында 2013-2020-жылларда улыўма баҳасы 700 миллион долларлық инвестициялар есабынан қосымша қуўатлылығы 230-250 МВт лы 2 дана пуў турбиналарын қурыў ислери басланып, бүгинги күнге 27 миллиард сумлық қаржы өзлестирилди. Жеңил санаат тараўында 47 миллион долларлық инвестициялар есабынан 2 жеңил санаат кәрханасын жаңадан қурыў ҳәм 4 кәрханада өндиристи кеңейтиў белгиленген. Сондай-ақ, 50 миллион долларлық инвестиция есабынан Төрткүл, Елликқала, Қоңырат, Шоманай ҳәм Шымбай районларында ески пахта тазалаў заводлары негизинде пахта талшығын қайта ислеў арқалы таяр өним ислеп шығаратуғын заманагөй санаат кәрханаларын шөлкемлестириў жумыслары баслап жиберилди. Азық-аўқат тараўында «Тақыятас дән өнимлери» кәрханасында жойбарлық баҳасы 4,4 миллион долларлық суткасына 250 тонна ун өнимлерин ислеп шығарыўды тәмийинлейтуғын заманагөй үскенелер толығы менен алып келинди.

Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыў бағдарында әмелге асырылған илажлардың нәтийжесинде биринши шеректе өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда киши бизнес субъектлериниң саны 430ға көбейип, бул тапсырманың 104,2 процентине тең. Усы дәўирде 1408 киши бизнес субъектине жәми 105,2 миллиард сўмлық банк кредитлери ажыратылды.

Инфраструктураны, транспорт ҳәм коммуникация саласын раўажландырыў, социаллық объектлер, аўыллық жерлерде үлги жойбарлар тийкарында жеке тәртиптеги турақ-жайлар қурыў бойынша усы жылдың биринши шерегинде жәми 1 триллион 200 миллиард сўмлық инвестициялар киргизилип, бул көрсеткиш өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда

157,8 процентти қурады. Соннан, 101 социаллық объектинде 95,5 миллиард сумлық қурылыс жумысларын әмелге асырыў белгиленген.

Халықтың бәнтлигин тәмийинлеў ҳәм жаңа жумыс орынларын жаратыў бағдарламасына муўапық быйыл 49841 жаңа жумыс орнын жаратыў режелестирилген болса, биринши шеректе жаңадан ашылған жумыс орынларының 86,8 проценти аўыллық жерлерде, 24,9 проценти ҳаял-қызлар ушын шөлкемлестирилди.

Усының менен бир қатарда кәрханаларды модернизациялаў ҳәм экономикалық тармақлардың турақлы жумысын тәмийинлеў, экспорт көлемин арттырыў, химия, азық-аўқат ҳәм жеңил санаат кәрханаларында алып барылып атырған модернизациялаў ислерин жуўмағына жеткериў илажлары көрилмекте (1-2- қосымшаларда келтирилген).

## 3-Бап. Жанылғы-энергияларының экономикасы хэм оны басқарыў

### 3.1. Энергияны сақлаў хэм үнемлеў процессин баҳалаўдың ис-илажлары

Өзбекстан Республикасында соңғы 40-жыл ишинде жанылғы – энергия респурсларын тутыныў ҳәм пайдаланыў бир қанша қатаң пропорциялар негизинде әмелге асырылыў сезилерли дәрежеде алып барылды. Бул процесстиң алып барылыўы орайдан жобаластырыў ҳәм өтиў дәуирлерине туўра келди.

Излениўлер ҳәм үйрениўлер негизинде дәслепки мағлыўматларға итибар берип өткен, олардың нәтийжесинде бүгинги күн жағдайлары ҳәм келешекте жанылғы – энергия тараўларын раўажландырыў, оларды тутыныў ҳәм пайдаланыўда, ресурсларды тежеў, үнемлеў бойынша баҳалаўлар негизинде ис-илажларды ислеп шығыў, усынысларды қәлиплестиремиз.

Өзбекстан Республикасы Президенти И. Каримов атап өткениндей, 1941-жылда республикамыз халқының саны 6,5 миллион адамды қураған болса, олардың ярымы балалар ҳәм кекселер, мийнетке жарамлы болған халықтың 50-60 проценти, анығрағы, 1433230 адам урысқа жиберилген[2]. Лекин 40-жыллардың дәслепки күнлеринен баслап республикамыз барлық бар күш-қудретин, экономикалық потенциалын қорғаў, ҳәрбийлер ушын сарыпланды ҳәм қаратты. Санаат ҳәрбийлер изине көширилди. Өзбекстанда 1941-жыллардың соңында 300 завоб ҳәм фабрика фронт ушын иследи. Мәмлекетимиз батысынан 100 ге жақын әскерий әҳмийетке ийе болған санаат кәрханалары көширилип алып келинген.

[2] Ўзбекистон Республикасы Президенти Ислом Каримовнинг «Ўзбек халқига тинчлик ва омонлик керак” рисоласини ўрганиш бўйича ўқув қўллама. / Нашр учун маъсул илмий-ижодий гурух: М.Комилов, У. Ғафуров, М.Амонбоев; Ўзбекистон Республикаси Олий ва ўрта махсус таълим вазирлиги. – Т.: «O’qituvchi» НМИУ, 2013. – 80 б., (10-12 б.).

Барлық санаат кәрханалары әскерий қурал-жарақлар ислеп шығарыў менен шуғылланған. Ташкент қаласының өзинде 137 санаат кәрханаларынан 64 ти қурал-жарақ, фронт ушын зәрүрли өнимлер ислеп шығарыўға киристи.

Усы дәўирлердиң өзинен баслап республика санаат кәрханаларының қуўатлары кеңейтирилиўи, көширилип келтирилген заводлардың иске түсирилиўи, биринши нәўбетте электр энергия ҳәм жанылғы ислеп шығарыўға кескин талап артты. Өзбекстанда металлургия заводын қурыў, көмир ҳәм нефть қазып алыўды күшейтиў илажлары белгиленген. Жаңа санаат кәрханалары ҳәм энергетика тармақларын қурыў ушын 1 миллиард сўм қаржы ажыратылды.

Бўзсув дәрьясы өзенлерине Товоқсой, Оққовоқ, Солар, Қўйибўзсув, оқтепа, Қибрай ГЭСлары, Самарқанд областында Талигулян ГЭСы, 30 ға жақын кишкене колхоз ГЭСлары, қала ҳәм ири кәрханалар жанында кишкене ГЭС лар қурып, иске түсирилген.

Өзбекстан Республикасында электр энергия ислеп шығарыў 2,5 мәртеге, яғный усы жыллардың өткен жылына салыстырғанында, яғный 1940-жылда 482 миллион киловатт саатдан 1945-жылларда 1187 миллион киловатт саатқа көбейген.

Өзбекстан Республикасында ең ири гидроэлектрстанциялардан бири – Фарҳод ГЭСы жаратылған. Ол улыўма халықлық қурылысқа айланып, 10 айлық мийнет нәтийжесинде Сырдәрия жиловланди. Усы жылларда жанылғы санаатын раўажландырыўғада үлкен итибар берилди. Нәтийжеде Ангрен көмир кәнинде 3 шахта ҳәм ашық усылда көмир қазып алыў кәни жаратылды.

Өзбекстан ҳәм Қырғызстан шегарасында Қызылқыя көмир кәни пайдаланыўға тапсырылған болса, онда жоқары ыссылық қуўатына ийе болған қоңыр көмир қазып алынған. Өзбекстанда 1940-жылларда 3,4 мың тонна көмир қазып алынған болса, 1945-жылларда 103 мың тонна көмир қазып алынған. Нәтийжеде республикада санааттың жаңа тармағы – көмир

санааты пайда болған. Соның менен бирге санааттың жаңа тармақлары – авиация, станок сазлаў, аўыр машина сазлаў, қара ҳәм реңли металлургия ҳәм т.б. тармақларда пайда болған.

Чуқурлангар, Толмозор, Найман, Шаҳрихон, Хўжаобод, жанубий Оламушук ҳәм т.б. жаңа нефть кәнлери иске түсирилген. Нефть тазалаў заводы, оның шығындыларынан озакрит ислеп шығарыў жолға қойылды. Урыс жылларында республикада нефть ислеп шығарыў 4 мәртеге көбейди ҳәм 1945-жылларда 478 мың тоннадан артқан.

Энергия ҳәм жанылғы санаатының өсиўи машина сазлаў санаатының раўажланыўына қолайлы база жаратқан. Батыстан көширип келтирилген заводлар негизинде 16 станок сазлаў, тоқымашылық ҳәм машина сазлаў кәрханалары дүзилген. Булардың барлығы металлға болған талапты күшейттирди. Сонлықтанда 1942-жыл, 17-инюнда Бекободда металлургия заводы қурилган. Завод 1944-жылдан баслап 30 мыңнан артық адамлардың мийнет күши менен қурылған болып, усы жылдың 5 мартынан баслап өним ислеп шығарып баслаған.

Бул жыллардың өзинде де аўыр болған шәрт-шәраятларға қарамастан геологик – қыдырыў ислери алып барылып ҳәм ислер даўам еттирилип, Лангар, Ингичка, Қўйтош, Ғортепа, Олмалиқ реңли металл кәнлер , Оқтош боксит кәнин өзлестириў ислери алып барылған. Олардан қазып алынған вольфром, молибден, мыс, алюмини ҳәм т.б. өнимлер қайта ислеп шығарыў кәрханалары қурылған.

Раўажланыў барысында химия санааты раўажланды. Чирчиқ электр химия комбинатының екинши нәўбеттеги әҳмийетли химиялық өними – аммиак ислеп шығарылып баслаған. Қквасой химия заводы, Қўқон суперфосфат заводы, Ферғана гидролиз заводлары 1943-жылларда қурылып иске түсирилген. Дәслепки жылларда химия санаат өнимлериниң салмағы 1945 жылға келип 6.1 мәртеге көбейген.

Жуўмақлап соны атап өтиўимиз мүмкин жанылғы-энергия санаатының пайда болыўы ҳәм оның раўажланып барыўы басқада бир қатар санаат тараўының раўажланыўының негизи саналады. Сонлықтанда бүгинги күнде де жетистирилетуғын жанылғы-энергиялардың 80%ти санаат тараўлары ушын сарыпланады.

## 3.2. Экономикалық өнимдарлықты баҳалаў көрсеткишлери ҳәм олардын есап-санағын алып барыў жоллары

Шет ел тәжрийбелерин үйрениў негизинде дүнья жүзлик практикада жанылғы – энергетика тараўы системасының өнимдарлығын арттырыў ҳәм баҳалаўда энергетика системасында төмендеги экономикалық параметрлер тийкарғы ўазыйпаны атқарады ҳәм нәтийжеге ерисиледи:

- Энергетика системасының хызмет көрсетиўине сарыпланатуғын қәрежетлер энергия ресурсларының жыллық баҳасының 5% қураўы тийис;

- Энергия ресруслары ушын қәрежетлерди тежеў нәтийжесинде шет еллик тәжрийбелерге тийкарланып жыллық шығынларды 10% кемейтиўге ерисиўге болады.

Қәрежетлердиң сарыпланыўы бойынша бөлистирилиўлерине көрип өтсек, т өмендегише көриниске ийе болады:

- 3% энергия ресурслардың қуны объект әспап- үскенелерин есабына жаңалаўға ҳәм оны күнделикли түрде автоматик тәризде басқарып барыў ушын сарыпланады;

- 2% аңлы рәўиште басқарыўға сарыпланады, яғный усы тараў қәнигесин (привлечение профильных специалистов) ҳәм энергоменеджмента ушын сарыпланады.

Бунының нәтийжесинде энергия тасыўшылар ушын ҳәрекеттеги төлемлер муғдары 10% кемейеди ҳәм өз нәўбетинде шығынларда азайып барады.

Бунының ушын актив рәўиште ис-илажлары ислеп шығылып әмелге асырылып барылыўы талап етиледи.

Оның ушын төмендеги есап-санақлар изертлеў объекти «Қарақалпақ аймақлық Электр тармақлары кәрханасы» акциянерлик жәмәэтиниң 3-жыллық мағлыўматларынан пайдаланып тараў хызметлерине таллаўлар жасаў арқалы кәрхана хызметин үйрениўден ибарат болады.

Дәслепки мағлыўматлар кәрхананың 2012-жылдан баслап 2014-жыллар аралығындағы бухгалтериялық баланс ҳәмфинанслық есабатларына таянады (Косымшада келтирилген, ҳүжжет мағлыўматлары автор тәрепинен өзгериз берилген ҳәм есап-санақларды алып барыўда берилген тәризде пайдаланылды).

**Экономикалық өнимдарлық (нәтийжелик) көрсеткишин баҳалаў бойынша есап-санақты алып барыў тәртиби.** Энергетика секторындағы кәрхананы басқарыў системасында кәрхананың финанслық жағдайын баҳалаў ушын төмендеги көрсеткишлер системасы қолланылады:

Кәрхананың финанслық жағдайы (КФЖ) 3 түрли баҳада баҳаланады, турақлы, турақлы болмаған (кризис алдындағы, яғный банкрот алдында) ҳәм банкрот (кризис) жағдайында.

Көплеген илимий мийнетлерде бир қатар авторлар тәрепинен КФЖне таллаў жасаўда келеси блок көрсеткишлеринен пайдаланыў усыныс етиледи. Усы усыл негизинде бизлерде төмендеги көрсеткишлер есап-санағын берип өтемиз:

**1) Мүлктиң жағдайын ҳәм капиталдың қурамына (дүзилисине) баҳа бериў:**

- капиталды орынларына жайластырыў (бағдарланыўы). Бул тийкарғы ҳәм айланба активлердиң дүзилис структурасына ҳәм динамикасына, кәрхананың запасларына, соның менен бирге пул қаржыларының ҳәрекетлери ҳәм қалдығына байланыслы таллаўлар негизинде баҳа бериледи;

- капиталларды қәлиплестирип барыў дереклери. Бул меншикли ҳәм заемли капиталлардың қурамы, структурасы ҳәм динамикасына, жәнеде кәрхана капиталының баҳаланыўына тийкарланады.

**2) Капиталдан интенсив пайдаланыў ҳәм өнимдарлықты баҳалаў:**

- Капиталдың рентабеллиги. Төмендеги көрсеткишлер системасын өз қурамына алады:

**Капиталлар жыйнағының рентабеллиги**

**BEP=БП/Кулыў * 100%**

БП – пайданың жыйнағы;

Кулыў – есабат дәўириндеги капиталдың орташа суммасы;

Өзиниң (собственного) капиталының рентабеллиги

**ROE=ЧП/СК * 100%**

ЧП – таза пайда;

СК – өзиниң (собственного) капиталының суммасы;

- капиталдың айланысы (оборачиваемость):

Айланыў коэффициенти

Коб = Реализация бойынша айланысы / Активлердиң орташа суммасы

Поб -Айланыстың даўам етиўи (Продолжительность оборота)

**Поб = Ср. сумма активов * Фин.период / Оборот по реализации.**

Өнимдарлықты баҳалаў ушын заемлық капитал қпайдаланылады, ол финанслық рычактың нәтийжеси саналады (эффект финансового рычага-ЭФР):

**ЭФР = (BEP-Цзи) * (1-Кг) * ЗК/СК**

BEP – капитал жыйндысының рентабеллиги;

Кн – пайдадан алынытуғын салықтың дәрежеси;

Цзи – заемлық ресурслардың орташа белгиленетуғын баҳасы, %;

ЗК – белгиленген дәўирдеги заемлық капиталдың орташа суммасы;

СК – белгиленген дәўирдеги өзиниң (собственного) капиталының орташа суммасы

ЭФР – кәрхана айланысына заемлық қаржылардың тартылыўы есабына барлық сумманың қанша процентке көбейиўин характерлеўши параметр.

**3) Финанслық турақлылық ҳәм төлеў қәбилетлилигин баҳалаў:**

- финаслық турақлылықты анализлеў. Бул кәрхана дереклериниң структурасын анализлеў негизинде әмелге асырылады:

- КФА – өзиниң (собственного) капиталының үлесиниң баланстағы валютаның улыўма муғдарына байланыслы болмаған автоном тәриздеги (дара) финанслық коэффициент;

- КФЗ – финансқа байланыслы болған коэффициент баланстағы валютаның улыўма муғдарындағы үлеси;

- КТЗ – ҳәрекеттеги қарызлардың коэффициенти;

- КДФЗ – финаслық турақлылық коэффициенти;

- КПД – төлеў қәбилетлилик коэффициенти;

- КФЛ – финаслық рисктиң коэффициенти.

Қаншама КФА, КДФЗ ҳәм КПД көрсеткишлердиң дәрежеси жоқары, ал КФЗ, КТЗ ҳәм КФЛ көрсеткишлериниң дәрежеси төмен болса, соншама кәрхананың финанслық жағдайы жоқары болады.

- Кәрханананың ликвидлиги ҳәм төлеў қәбилетлиги.

Төлеў қәбилетиги деген – нақ пул менен өз ўақтында төлемлерин төлеп қктылыў қәбилетине ийелиги түсиниледи.

Төлеў қәбилетлилигин баҳалаў кәрхананың ликвидлиги менен характерленеди. Ол балансқа тийкарланып әмелге асырылады. Ликвидликке таллаў жасаў актив ҳәм пассивлер негизинде салстырыў жолы менен әмелге асырылады. Олар:

А1 – Активлардың  абсолют ликвидлиги (пул қаржылары);

А2 – тез реализация етилиўши активлер (таяр өнимлер, дебиторлық қарызлар);

А3 – әстен реализация етилетуғын активлер;

А4 – қыйын реализация етилетуғын активлер (тийкарғы қураллар, материаллық болмаған активлер);

П1 – тез орынланыў талап етилетуғын ўазйпалар (мүддети 1 айға шекем белгиленетуғын);

П2 – орта дәўир аралығында орынланатуғын ўазыйпалар (1 жылға

шекем);

П3 – узақ мүддетли кредитлер;

П4 – өзиниң капиталы.

абсолют ликвидлик балансы, төмендеши шәрт орынланғанда сақланады:

$$A1 \geq П1;\ A2 \geq П2;\ A3 \geq П3;\ A4 \leq П4.$$

Абсолют көрсеткишлер менен бир қатарда кәрхана ликвидлигин ҳәм төлеў қәбилетлилигин баҳалаў ушын төмендеги көрсеткишлер салыстырмалы түрде есапланады (анықланады):

- абсолют ликвидлик коэффициент;
- қысқа мүддетли ликвидлик коэффициенти;
- ҳәрекеттеги ликвидлик коэффициенти. Бул коэффициенттиң мәниси керминде екеў болыўы тийис. Егерде ҳәрекеттеги ликвидлик коэффициенти белгиленген нормадан кем болса, сондай-ақ өзиниң (собственного) айланыс капиталының үлеси айланыс активлерин қәлиплестириўде нормадан кем болса, онда 6 ай мүддет ишинде төлеў қәбилетлигин тиклеў коэффициенти анықланады. Ол берилген формула менен анықланады

$$Квп = (Ктл1 + 6/Т*(Ктл1+Ктл0))/Ктл\ норма,$$

Бул жерде: Ктл1 ҳәм Ктл0 – есабат дәўириниң басында ҳәм соңындағы ликвидлик коэффициенттиң мәнислери;

Ктл норма – нормативлик мәниси;

Т – есап дәўири, 1 ай.

Егер Квп > 1, болса, онда кәрхананың төлеў қәбилетин тиклеўдиң реал имканияты бар болады, болмаса кери жағдай жүз береди.

**4) Банкротлық жағдайдың рискин ҳәм кредитлестириў қәбилетин баҳалаў.**

Банкротлық дегенде – қаржыларының жетиспеўи себепли ҳәрекеттеги тийкарғы көрсетилген хызметлерин қаржы менен тәмийинлей алмаўы (қаржыландыра алмаўмай қалыў жағдайы) ҳәм өзиниң қарызларын қаплай

алмай қалыў жағдайы түсиниледи.

Банкротлығын баҳалаў (диагностика етиўи) ы ушын бир қанша методлар қ олланылады. Олар тийкарынан қолайлы келетуғынлары:

а) анализа обширной системы критериев и признаков;

б) шекленген көрсеткишлер көлеминде баҳалаў усылы. Бул усыл көплеген жағдайда шет ел мәмлекетлери нызамлықлары негизинде қолланылады, мәселен Россия). Бул усылда төмендеги көрсеткишлер белгиленеди:

- ҳәрекеттеги ликвидлик коэффициенти;

- өзиниң айланыс капиталы менен тәмийинленгенлик коэффициенти;

- төлеў қәбилетлилигин тиклеў коэффициент;

в) интеграль көрсеткишлер (Z-Альтмана, модель Бивера ҳәм т.б.)

Демек таңланған математикалық есаплаў усыллары негизинде белгиленген көрсеткишлердиң есап-санақларын алып барыўға ерисемиз ҳәм жуўмақ шығарамыз.

**Капиталдан интенсив пайдаланыў ҳәм өнимдарлықты баҳалаў:**

- Капиталдың рентабеллиги алынды ҳәм төмендеги көрсеткишлер системасын өз қурамына алған түрде **капиталлар жыйнағының рентабеллиги берилген формула бойынша аны**қланды.

**BEP=БП/Кулыў * 100%**

**Өзиниң (собственного) капиталының рентабеллиги болса, екинши формула менен аны**қланды.

**ROE=ЧП/СК * 100%**

Есаплаўлар ҳәм олардың нәтийжеси 3.1 –кестеде келтирилген.

**Финанслық турақлылық ҳәм төлеў қәбилетлилигин баҳалаўда т**өмендеги есап есап-санақлар алып барылды**:**

- КФА – өзиниң (собственного) капиталының үлесиниң баланстағы валютаның улыўма муғдарына байланыслы болмаған автоном тәриздеги

(дара) финанслық коэффициент;

**3.1 – кесте.**

$КФА_{2012}$ = 1650053071/5833761250 = 0.28284

$КФА_{2013}$ = 2096949282/7627550762 = 0.274918

$КФА_{2014}$ = 2530809094/9016021956 = 0.28070

- КФЗ – финансқа байланыслы болған коэффициент балансташы валютаның улыўма муғдарындағы үлеси;

$КФЗ_{2012}$ = 4183708/5833761250 = 0.00071

$КФЗ_{2013}$ = 5530601480/7627550762 = 0.72508

$КФЗ_{2014}$ = 6485212862/9016021956 = 0.71929

- КТЗ – ҳәрекеттеги қарызлардың коэффициенти;

$КТЗ_{2012}$ = 1944483509/5833761250 = 0.33331

$КТЗ_{2013}$ = 2525036063/7627550762 = 0.33104

$КТЗ_{2014}$ = 2760618238/9016021956 = 0.30619

- КДФЗ – финаслық турақлылық коэффициенти;

$$КДФЗ_{2012} = \frac{1650053071 + 2239224670}{5833761250} = 0.66668$$

$$КДФЗ_{2013} = \frac{2096949282 + 3005565417}{7627550762} = 0.66895$$

$$КДФЗ_{2014} = \frac{2530809094 + 23724594624}{9016021956} = 2.91208$$

- КПД – төлеў қәбилетлилик коэффициенти;

$КПД_{2012}$ = 1650053071/4183708179 = 0.39439

$КПД_{2013}$ = 2096949282/5530601480 = 0.37915

$КПД_{2014}$ = 2530809094/6485212862 = 0.39024

- КФЛ – финаслық рисктиң коэффициенти.

$КФЛ_{2012}$ = 4183708179/1650053071 = 2.53549

$КФЛ_{2013}$ = 5530601480/2096949282 = 2.63745

$КФЛ_{2014}$ = 6485212862/2530809094 = 2.56250

Қаншама КФА, КДФЗ ҳәм КПД көрсеткишлердиң дәрежеси жоқары, ал КФЗ, КТЗ ҳәм КФЛ көрсеткишлериниң дәрежеси төмен болса, соншама кәрхананың финанслық жағдайы жоқары болады деп белгиленген еди.

Кәрхананың хызмети бойынша алынған мағлыўматлар бойынша 3 жыллық таллаўлар бойынша КФА көрсеткишиниң мәниси есаплаўлар негизинде 0,28 ди қурады. Бул белгиленген нормадан төменлиги менен характерленеди. Демек кәрхана заемлық қаржылар муғдарына жүдә бағыныңқы (байланыслы)лығын билдиреди. Бул заемлық қарызларын төлеўде қыйыншылықлардың келип шығыўы менен характерленеди.

КФЗ көрсеткишлериниң мәниси болса, кәрхананың финанслық жағдайына қыйыншылықлардың жүз бериўин дәлиллемекте. КФЗ көрсекишиниң дәрежеси 3 жыл ушын 0,72 ни қурайды. Булда өз нәўбетинде нормативлик көрсеткиштен парықланыўы менен характерленеди.

КТЗ көрсеткишлери болса, қысқа мүддетли ўазйраларын (қарызларының) мүддетлериниң тамамаланыўын билдиреди ҳәм кәрхананың ҳәрекеттеги қарызлардың коэффициентиниң дәрежесиниң жоқарылығы менен баҳаланады (3.2 –кесте).

**3.2 – кесте.**

**Финанслық турақлылық ҳәм төлеў қәбилетлилигин баҳалаў көрсеткишлери**

| Т/н | Көрсеткишлер | Норма | 2012-жыл | 2013-жыл | 2014-жыл |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | КФА | 0,5 - 0,6 | 0,28 | 0,28 | 0,28 |
| 2. | КФЗ | 0,6 - 0,7 | 0,72 | 0,73 | 0,72 |
| 3. | КТЗ | 0,1 - 0,2 | 0,33 | 0,33 | 0,31 |
| 4. | КДФЗ | 0,8 – 0,9 | 0,67 | 0,67 | 0,69 |
| 5. | КПД | - | 0,33 | 0,38 | 0,39 |
| 6. | КФЛ | Max =1 | 2,53 | 2,64 | 2,56 |

Жуўмақлап берип өтетуғын болсақ, алып барылған излениўлер ҳәм объектти үйрениўлер негизинде жасалған анализлердиң жуўмағы бойынша көрсеткишлерди баҳалаў нәтийжесинде кәрхана 3 жыл ишинде қысқы мүддетли ўазыйпаларын (қарызларын) қаплаў ушын пул қаржылары ҳәм т.б. ликвидлик қаржыларынында жетиспеўи (кемлиги) сезилмекте. Абсалют ликвидлик коэффициенти нормадан төмен дәрежеге тең. Дебиторлық қарызы кредиторлық қарызына салыстырғанда 2 мәртеге төменлигин көрсетпекте. Демек негативлик тенденцияға ийе деп баҳаланады.

Банкротлық жағдайдың рискин ҳәм кредитлестириў қәбилетин баҳалаўда келтирилген бир неше усылдан “шекленген көрсеткишлер көлеминде баҳалаў усылы” нан пайдаланылды. Бул усыл тийкарында төмендеги көрсеткишлерлерден ликвидлик коэффициенти анықланылды ҳәм баҳаланды (3.3 – кесте).

**3.3 – кесте.**

**Ликвидлик коэффициенти**

| Т/н | Көрсеткишлер | Норма | 2012-жыл | 2013-жыл | 2014-жыл |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Абсалют ликвидлик (төлеў қәбилетлилиги) | >0,2 <0,7 | 0,003 | 0,005 | 0,003 |
| 2. | Срочная ликвиднисть | >0,7 | 1,32 | 1,33 | 1,30 |
| 3. | Толық қаплаў қәбилети (ҳәрекеттеги ликвидлик – общее покрытие ) | >2,0 <3,0 | 1,37 | 1,35 | 1,37 |
| 4. | Қаплаў қәбилети (покрытие) | >1,0 | 0,0000243 | 0,0000207 | 0,00002 |
| 5. | Покрытие краткосрочного обязательств собственного оборотным средствоми | >0,5 | 1,68 | 0,35 | 0,37 |

Кәрхана 3 жыл ишинде белгили дәрежеде қысқы мүддетли ўазыйпаларын атқарыға, қарызларынан белгили муғдарда қутылыыўға дебиторлық қарызлары ҳәм пул қаржылары есабынан есапласыў қәбилетине ийе болып келген. Лекин 1 сўмлық қысқы мүддетли орынланған ўазыйпалар (қарызлар) 1,37 сўмлы қысқа мүддетли активке туўра келген. Бул нормадан төменлиги менен характерленеди.

Демек кәрхананы раўажландырыў ушын мәмлекет көлеминдеги санаатты раўажландырыў дәстүрлерин негизинде кәрхананы қоллап – қуўатлаў, усыныс етилетуғын имканиятларды ҳәм мәмлекет көлеминдеги жанылғы – энергия потенциялларын инабатқа алыў, кәрхананың қәрежетлерин модернизацияластырыў, локализацияластырыў дәстүрлери негизинде жаңа техника-технологияларды, альтернатив энергия дереклеринен пайдаланыўларды иске ендириў арқалы бар имканиятлардан пайдаланып жанылғы – энергия ресурсларын тежеў, үнемлеў, олар негизинде қәрежетлерди кемейтиўге ерисиў мүмкин.

## Жуўмақлаў

Дүнья жүзи бойынша берилген болжаўлар тийкарында 2040-жыллаға барып энергияға болған глобаль талаптың өсими 50% артыўы күтилмекте. Бул көрсеткиш жақын он жыллық ишинде тийкарынан нефть ҳәм газ алыў процессинде артып барыўшы талапты қанаатландырыў имканиятына ийе болмай қалыўы, яғный ресурс тамтарыслығы қәўипликлери күтилмекте.

Сонлықтанда бул бағдарларда бирден бир баслы мәселелер ҳәм көрилетуғын шаралар энергияның альтернатив дереклеринен технологиялық - экономикалық жақтан заман талабында өнимли  пайдаланыўдан ибарат.

Көрип өтилген традициялық атомлық ҳәм гидроэнергетикалық барлық процесслер бар болған энергия түрлерин келешекте жәнеде раўажландырып барыўға қаратылған. Жанылғы – энергия секторларында жоқары технологиялық өндиристи жаратыўға қаратылады. Соның менен бир қатарда термоядролық синтезлеў процесслеринде басқарыў бойынша илимий изертлеў ислерин раўажландырып барыў талап етиледи. Параллель рәўиште қайта тикленетуғын энергия дереклеринде көбейтип барыў ҳәм олардың ролин арттырыўдан ибарат. Оларға қуяш, шамал энергиясы, геотермаль, кишкене көлемдеги дәрьялар (малых рек), толқын энергиясы, биомассалар, дүнья жүзи көлеминде усыныс берип өтетуғын болсақ, океан энергиялары.

Усыныс етилип атырған тикленип атырған энергия дереклериниң гейпаралары басқа шет мәмлекетлерде санаат дәрежесинде раўажланып, қолланылап атырған болып табылады. Сонлықтанда республикамыз көлеминде олардан пайданаыў арқалы жанылғы – энергияларын тежеў ҳәм үнемлеў тәжирийбелерде жетилистирилип, топланып, иске ендирилип барылыўы зәрүрли.

Альтернатив энергия дереклерин энергетика тараўына массалық түрде ендирип барыў бүгинги күнде кең көлемде раўажланбақта. Деген менен ҳәр бир ҳәрекеттиң пайдалы ҳәм кери тәсири болғанындай, бул процесстинде

кери тәсири болыў итималлықларында инабатқа алып барыўды талап етеди. Анық мысаллар менен салыстырмалы түрде берип өтсек 1970-жылларда жүз берге нефть кризиси мысал болады. Усы ўақытлардан баслап бул бағдардагы мәселе мәмлекетлик көлемдеги дастурлеридиң тийкарынан айланды. Бүгинги күнде де бул мәселе мәмлекет көлеминде әмелге асырылып атырған комплексли дәстүрлердиң улыўмалық қурамын қурайды. Жанылғы-энергияларды тежеў ҳәм үнеўлеў болса қазып алынатуғын жанылғы ҳәм жетистирилетуғын энергия дереклеринде, оларды азлы – көплигине тиккелей байланыслы. Текленетуғын энергия дереклери импулли раўажландырыў экологиялық-экономикалық характерге ийе болды. Себеби жәмийетте мәмлекетти раўажландырыўда орталықты қорғаў ҳәм оны асырыў идеологияларыда илгери сүрилмекте. Сонлықтанда альтернативлик энергияларға бағдар алыў мәмлекетлик бағдарлардың бири болды.

Республика бир қанша потенциалға ийе болыўына қарамастан, тараў бойынша илимий изертлеў ислериниң алып барылыў кем саналады.

Соның менен бирге дүнья жүзилик қарым-қатнаслардағы қәлиплесип баратырған жанылғы-энергетикасы тенденциясы – бул тек экономика ушын (не только вызов для экономики) тек ғана вызов емес, және бир имканиялардан бири. Ол традицион сыяқлы жаңа тараўды раўажландырыў ушын сондай-ақ жанылғы-энергия комплексиниң барлық секторларында инновациялық шешимлер бойыншада излениўлер алып барыўға стимул болады.

Соныда атап өтиўимиз тийис бул бойынша барлық тараў секторларында актив ислер алып барылмақта. Деген менен биздиң республикамызда да басқада қатар бағдарлар бойыншада ислер алып барыў талап етиледи. Олар қатарында тикленетуғын энергия дереклеринен пайдаланыў менен байланыслы болған мәселелерде шешим талап етеди. Бул бағдарды

раўажландырыў ушын мәмлекетимизде барлық шәрт-шәраятлар ҳәм бәсекелесе алыў имканиятларыда бар:

1) Өзбекстан Республикасының 70% территориясы, 10% халық жасайтуғын территориясы орайласқан тәризде энергия менен тәмийинлеў зоналарына туўры келеди. Бул автомном тәризде тутыныўшыларды энергия менен тәмийинлеў ушын мақсетли түрде тикленетуғын энергия дереклеринен пайдаланыў мүмкиншилигин береди. Бундай районларда энергия менен тәмийинлеў бойынша жүз беретуғын экономикалық ҳәм технологиялық машқалаларды шешиў мүмкиншиликлеринде береди. Тийкарынан бундай имканиятлардан пайдаланыў республиканың Узақ Шығыс ҳәм Арқа районлары ушын қол келеди. Себеби қысқа жаз мәўсимлеринде жанылғыны алып келиў талап етиледи. Қысы суўық келиўи менен жанылғы ҳәм энергиялардың атап өтилген районларда қысқа мүддетлерде ҳәм аз берилиў, талаптың жанылғы-энергияға жоқары болыўы менен баҳасыда жүдә жоқары дәрежеге көтериледи.

Тикленетуғын энергия дереклеринен нәтийжели пайдаланыў имканиятын беретуғын арқа районлар ушын бул шамалэнергияларын алыў усылы болып табылады. Бунның ушын белгиленген орталықларға шамал электорстанцияларын қурыў талап етиледи. Бундай автоном тәриздеги станциялар шамалдан 2,5 МВт шекем энергия жеткерип бериў қуўатлылықларына ийе болады. Өзбекстаон бойынша Сырдәрья, Қарақалпақстан Республикалары туўра келсе, Қарақалпақстан Республикасында арқа районлар, яғный атап айтқанда Тахтакөпир, Қоңырат, Шоманай, Кегейли сыяқлы бир қатар районларды келтирип өтиўимиз мүмкин.

Шет еллик экспортлардың пикирлери бойынша 100-110 МВт қуўатлылыққа ийе болатуғын шамал қурылмаларын орнатыў жобаластырылып искен ендирилсе, жанылғы-энергияға болған талапты арқа

районларда жылына 130 мың тоннаға шекем үнемлеў ҳәм сырттан жанылғы газ балонларын алып киритиўлерди қысқартырыў, баҳаларды да турақластырыў, халықты жанылғы-энергия менен тәмийинлеў имканиятларынада ерисиледи. Жанылғы-энергиялардың өзине түсер баҳасында бир қанша кемейтиўгеде ерисиледи.

2) Республикада бир қанша тикленетуғын энергия дереклери бар екен. Оларды кең көлемде ҳәм жақсылар илимий жақтан үйрениўлер, излениўлер алып барыў талап етиледи. Сондай имканиятларда бар республикамыздың гейпара районларында еки ҳәм оннанда артық тикленетуғын энергия дереклеринен пайдаланыў мүмкин. Жылына шама менен қайта тикленетуғын энергия дереклериниң потенциалы 4 млрд. тоннаны қурайди. Тикленетуғын энергия дереклериниң 80% жақына агросанаат комплексинде қолланылады. Бундай альтернатив дереклерден тараўларда пайдаланыў энергия менен тәмийинлеўдиң исенимлилигин арттырады ҳәм экологиялық жақтан таза саналады. Соның менен бирге аўыл хожалығы өндирис тараўының өнимдарлығын арттырады.

Қуяш энергитикасын раўажландырыў ушын Республиканың Қубла регинонлары жүдә қол келеди. Шамал энергияларын раўажландырыў ушын болса, Узақ Шығыс, Арқа регионлар, яғный Өзбекстан Республикасы бойынша Сырдарья, Жиззақ ҳәм Қарақалпақстан Республикасы территориялары туўра келеди. Белгили бир дәрежедеги потенциалда геотермаллық энергетикағада Өзбекстан Республикасы ийе.

Альтернатив дереклер сыпатында пайдаланылатуғын жердиң ыссылығы республикада кем, яғный төмен потенциалға ийе болсада, орайлық қуяшлы ҳәм қурғақлы жерлерде жаздың жазыйрамы ыссы күнлеринде Орайлық районларда пайдаланыўға қол келеди.

Бүгинги күн практикасында болса, жергиликли энергия ресурсларынан кеңнен тарқалған ҳәм пайдаланыў усылларына ийе болған түри:

гидроресурслар, торф, биомассаларды қайта ислеў нәтийжесинде алынатуғын өнимлер (мәселен, пеллеталар), қайта тикленетуғын дереклерден - биогаз, газлердиң басқада түрлери саналады.

3) Республикада энергетика тараўы бир қанша жаңалаўды талап етеди. Оның ушын мәмлекетлик модернизацияластырыў дәстүр негизинде инвестициялар тартылып жанылғы – энергия саласына жаңа техника ҳәм технологиялар ендирилип, қайта қурыў ҳәм монтажлаў ислепи алып барылмақта. Булда мәмлекетимизде тараўдың жоқары қуўатлылықларда ислеўине жаратылған инвестициялық климат ҳәм имканиятлардан саналады.

4) Заман талабындағы, энергия тараўына мөлшерленген технологиялар негизинде жанылғы – энергия тараўын раўажландырыў. Булнда тийкарынан бизди қоршаған орталық, оның экологиялық жағдайларын сақлаған түрде, бүгинги күн машқалаларында инабатқа алған түрде бар имканиятлардан ҳәм экологиялық таза альтернатив дереклерден  пайдаланып раўажландырыў әҳмийетли. Демек бунда тикленетуғын энергия – әҳмийетли ресурс болып табылады.

Соныда инабатқа алыўымыз керек, шет мәмлекетлерде 2030-жылларға раўажланыўдың стратегиялық дәстүрлери ислеп шығылып, онда жанылғы – энергия менен тәмийинлеў, оны үнемлеў мәселелери әҳмийетли мәселелерден, раўажландырыў ўазыйпалары қаралған.

Өзбекстан Республикасында да 2020-жылларға шекем раўажландырыў келешек дәстүрлери ислеп шығылды. Демек, 50-жылдан соң республикамызда тек сан жағынан жанылғы – энергия саласында өзгерис болмастан, сыпат жағынанда жақсы, жоқары дәрежедеги өзгерислердиң болыўы күтилмекте. Республиканың бул секторда альтернатив дереклер областында стратегиялық жобаластырылыўлардың алып барылыўы зәрүрли болыўы менен, узақ мүддетли келешекке мөлшерлениўиде әҳмийетли саналады. Бул актуаль тема дөгерегинде, актуаль мәселениң шешилиўи

мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаўлар негизинде сиясий ҳәм ҳуқықлық шәрт-шәраятлардың жаратылып берилиўи, мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў механизмлеринен салық сиясаты ҳәм ондағы белгилеп берилетуғын жеңилликлер, салық жүклериниң кемейип барыўы, илимий изертлеўлер, жойбарларды қоллап-қуўатлаў раўажландырыў дәстүрлерине киритилип барылыўы менен характерленеди.

## Әдебиятлар дизими

### I. Озбекистан Республикасы Президентинин парманлары хам карарлары, Министрлер Кабинети карарлары.

**1.** Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 1998 йил, 15 декабрь, 523-сон Қарори «Ўзбекнефтгаз» миллий холдинг компаниясини ташкил этиш ва унинг фаолияти масалалари тўғрисида, Тошкент ш., http://www.lex.uz/pages/GetAct.aspx?lact_id=832131

**2.** Ўзбекистон Республикасы Президенти Ислом Каримовнинг «Ўзбек халқига тинчлик ва омонлик керак" рисоласини ўрганиш бўйича ўқув қўллама. / Нашр учун маъсул илмий-ижодий гуруҳ: М.Комилов, У. Ғафуров, М.Амонбоев; Ўзбекистон Республикаси Олий ва ўрта махсус таълим вазирлиги. – Т.: «O'qituvchi» НМИУ, 2013. – 80 б.

**3.** Постановление Кабинета Министров Республики Узбекистан «О дополнительных мерах по совершенствованию деятельности ГАК «Узбекэнерго» и укреплению дисциплины расчетов за потребляемую электрическую энергию», г. Ташкент, 1 ноября 2013 г., № 295

**4.** Электр энергетикада назорат бўйича давлат инспекцияси бошлиғининг 2014 йил 28 февраль,3-сон буйруғи «Истеъмолчиларга электр энергиясини етказиб бериш тартиби тўғрисидаги низомни тасдиқлаш ҳақида»ги буйруқни ва унга ўзгартиришларни ўз кучини йўқотган деб топиш ҳақида» Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги томонидан 2014 йил 11 мартда рўйхатдан ўтказилди, рўйхат рақами 1440-2 ҳужжат., Тошкент ш., 2014 й.

**5.** Ўзбекистон Республикаси иқтисодий-ижтимоий тараққиётининг мустақиллик йилларидаги (1990–2010 йиллар) асосий тенденция ва кўрсаткичлари ҳамда 2011–2015 йилларга мўлжалланган прогнозлари: статистик тўплам.– Т.: O'zbekiston, 2011.–140 б.

### II. Окыулык хам окыу-методикалык колланбалар.

**6.** Абдураҳим Ортиқов. «Саноат иқтисодиёти» (Дарслик). - Т.: ТДИУ, 2009. - 320 бет.

**7.** Ўзбекистон Республикаси Иқтисодий-ижтимоий тараққиётининг мустақиллик йилларидаги (1990-2010 йиллар) асосий тенденция ва кўрсаткичлари ҳамда 2011-2015 йилларга мўлжалланган прогнозлар: статистик тўплам. – Т.: Qzbekiston, 2011. – 140 б.

**8.** Пособие по программе «Менеджмент в энергетике». Петрозаводск, 2009 г.

**9.** Из статей «В энергетическую отрасль инвестируют 8 миллиардов долларов США». 13 апреля 2014, 20:58 (мск) / Политика / Anons.uz

### III. Журналдагы макалалар.

**10.** А.Б.Айтмуратов, З.А.Балташева, Р.Ж.Каражанова «Республиканинг экспортли салохиятини орттиришда маркетингнинг роли».

**11.** Айтмуратов А.Б., Каллибекова М., Каипова М. «Проблемы рационального использования топливно – энергетического потенциала Республики Каракалпакстан».

**12.** А.Айтмуратов, Т.Жиемуратов, О.Назарбаев «Арал экологиялык кризиси шараятында Каракалпакстанда хызмет корсетиу саласын рауажландырыу машкалалары».

### IV. Интернет слайтлары.

**13.** http://promzona.uz/info/news/823/31069/ - Из статей «В 2014 году ЛУКОЙЛ рассчитывает выйти на Гиссаре на уровень добычи 3,5 млрд кубометров газа в год». 12.03.2012.

**14.** http://promzona.uz/info/news/823/31168/ - Из статей «"ЛУКойл" нацелился на Среднюю Азию». 16.03.2012, Из интервью телеканалу "Россия 24" рассказал вице-президент "ЛУКойла" Леонид Федун.

**15.** http://promzona.uz/info/news/823/31645/ - Из статей «Промышленные

предприятия Узбекистана обновят 16678 единиц оборудования расчетной стоимостью $1,12 млрд.». 02.05.2012

**16.** http://uzdaily.uz/articles-id-20256.htm - Из статей «ГАК «Узбекэнерго» летом объявит тендер на строительство солнечной электростанции»

**17.** http://www.neftyanik-school.ru/shkolnikam/uchebnye-kursy/course/41 - лекция по нефть и газа.

## Қ О С Ы М Ш А Л А Р

**Косымша 1.**

**Приложение**
**к постановлению Кабинета Министров от 1 ноября 2013 года № 295**

**ГРАФИК**
**внедрения Автоматизированной системы контроля и учета потребления электроэнергии установкой современных электронных приборов учета электрической энергии у потребителей - юридических и физических лиц**

| Наименование регионов | Количество приборов учета (шт.) | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2013 г. | 2014 г. | 2015 г. | 2016 г. | 2017 г. | 2018 г. | Всего за 2013—2018 гг. |
| Республика Каракалпакстан | - | 27 792 | 55 584 | 83 376 | 55 584 | 55 586 | 277 922 |
| Андижанская область | - | 51 639 | 103 278 | 154 917 | 103 278 | 103 278 | 516 390 |
| Бухарская область | 17 133 | 137 071 | 137 071 | 51 403 | - | - | 342 678 |
| Джизакская область | 9 377 | 75 022 | 75 021 | 28 136 | - | - | 187 556 |
| Кашкадарьинская область | - | 47 606 | 95 213 | 142 820 | 95 213 | 95 217 | 476 069 |
| Навоийская область | - | 14 132 | 28 264 | 42 396 | 28 264 | 28 264 | 141 320 |
| Наманганская область | - | 45 072 | 90 144 | 135 216 | 90 144 | 90 144 | 450 720 |
| Самаркандская область | 1 319 458 | 237 116 | 237 116 | 88 919 | - | - | 592 790 |
| Сурхандарьинская область | - | 35 904 | 71 809 | 107 713 | 71 809 | 71 810 | 359 045 |
| Сырдарьинская область | 6 979 | 55 832 | 55 832 | 20 939 | - | - | 139 582 |
| Ташкентская область | 29 870 | 238 960 | 238 960 | 89 612 | - | - | 597 402 |
| Ферганская область | - | 65 820 | 131 640 | 197 461 | 131 640 | 131 643 | 658 204 |
| Хорезмская область | - | 30 170 | 60 341 | 90 512 | 60 341 | 60 344 | 301 708 |
| г.Ташкент | 32 166 | 257 322 | 257 322 | 96 497 | - | - | 643 307 |
| Всего | 125 164 | 1 319 458 | 1 637 595 | 1 329 917 | 636 273 | 636 286 | 5 684 693 |

## Коракалпогистон Республикасида 2011-2015 йилларда капитал қўйилмалар ўзлаштириш мақсадли ПАРАМЕТРЛАРИ

| № | Кўрсаткичлар | 2011 йил | | 2012 йил | | 2013 йил | | 2014 йил | | 2015 йил * | | 2011-2015 йиллар |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | улуши, % | амалда, млрд.сўм | улуши, % | прогноз, млрд.сўм | улуши, % | прогноз, млрд.сўм | улуши, % | прогноз, млрд.сўм | улуши, % | прогноз, млрд.сўм | жами, млрд.сўм |
| **I** | **Капитал қўйилмалар-жами** | **100** | **842,0** | **100** | **1560,6** | **100** | **1740,1** | **100** | **1914,1** | **100** | **2132,3** | **6056,7** |
| | **утган йилга нисбатан %** | | **159,9** | | **166,2** | | **110,5** | | **109,8** | | **111,4** | |
| | шундан: | | | | | | | | | | | |
| **II** | **Ноишлаб чиқариш қурилишлари** | **27,6** | **232,4** | **25,8** | **402,6** | **23,7** | **412,4** | **21,9** | **419,2** | **24,9** | **530,9** | **1466,6** |
| | шундан: | | | | | | | | | | | |
| 2.1 | Уй-жой қурилиши | 17,9 | 150,7 | 11,5 | 179,3 | 10,6 | 183,7 | 9,8 | 186,7 | 11,1 | 236,5 | 700,4 |
| 2.2 | Соғлиқни сақлаш обеъктлари | 2,2 | 18,4 | 1,7 | 25,9 | 1,5 | 26,5 | 1,4 | 27,0 | 1,6 | 34,2 | 97,8 |
| 2.3 | **Коммунал тармоқлар** | **1,5** | **12,6** | **1,0** | **14,9** | **0,9** | **15,2** | **0,8** | **15,5** | **0,9** | **19,6** | **58,2** |
| 2.4 | Таълим муассалари | 1,8 | 15,1 | 1,0 | 15,8 | 0,9 | 16,2 | 0,9 | 16,5 | 1,0 | 20,8 | 63,5 |
| 2.5 | Маданият муассасалари | | | | | | | | | | x | 0,0 |
| 2.6 | Туризм | | | | | | | | | | x | 0,0 |
| 2.7 | Бошқа ноишлаб чиқариш қурилиш | 4,2 | 35,6 | 10,7 | 166,7 | 9,8 | 170,8 | 9,1 | 173,6 | 10,3 | 219,9 | 546,7 |
| **III** | **Ишлаб чиқариш қурилишлари** | **72,4** | **609,6** | **74,2** | **1158,0** | **76,3** | **1327,7** | **78,1** | **1494,9** | **75,1** | **1601,3** | **4590,2** |

| | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | шундан: | | | | | | | | | | | |
| **3.1** | **Ёнилғи энергетика** | **1,9** | **15,6** | **1,9** | **29,6** | **2,0** | **34,0** | **2,0** | **38,3** | **1,9** | **41,0** | **117,5** |
| 3.2 | Металлургия | 0,0 | 0,1 | 0,0 | 0,0 | 0,0 | 0,0 | 0,0 | 0,1 | 0,0 | 0,1 | 0,2 |
| **3.3** | **Нефт ва кимё** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | **0,0** |
| 3.4 | Автомобилсозлик | 0,3 | 2,9 | 0,4 | 5,5 | 0,4 | 6,3 | 0,4 | 7,1 | 0,4 | 7,6 | 21,8 |
| 3.5 | Енгил саноат | 3,8 | 31,9 | 3,9 | 60,6 | 4,0 | 69,5 | 4,1 | 78,2 | 3,9 | 83,8 | 240,2 |
| 3.6 | Озиқ-овқат | 0,7 | 6,0 | 0,7 | 11,5 | 0,8 | 13,2 | 0,8 | 14,8 | 0,7 | 15,9 | 45,5 |
| 3.7 | Қишлоқ ва ўрмон хўжалиги | 4,3 | 35,9 | 4,4 | 68,1 | 4,5 | 78,1 | 4,6 | 87,9 | 4,4 | 94,2 | 269,9 |
| 3.8 | Транспорт ва алоқа | 34,1 | 287,4 | 35,0 | 545,9 | 36,0 | 625,9 | 36,8 | 704,7 | 35,4 | 754,9 | 2164,0 |
| 3.9 | Қурилиш материаллари | 1,2 | 10,0 | 1,2 | 19,0 | 1,3 | 21,8 | 1,3 | 24,5 | 1,2 | 26,3 | 75,3 |
| 3.10 | Бошқа тармоқлар | 26,1 | 219,8 | 26,8 | 417,8 | 27,5 | 479,0 | 28,2 | 539,2 | 27,1 | 577,6 | 1655,8 |

## Қорақалпоғистон Республикасида 2012-2015 йиллар бўйича аҳоли таъминоти мақсадли ПАРАМЕТРЛАРИ

| Кўрсаткичлар | ўлчов бирлиги | 2011 йил амалда | 2012 йил прогноз | 2013 йил прогноз | 2014 йил прогноз | 2015 йил прогноз |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **Аҳоли сони (давр охирига)** | **минг киши** | **1699,00** | **1716,10** | **1730,70** | **1744,50** | **1756,80** |
| Марказлашган сув таъминоти | % | 68,6 | 69,1 | 69,2 | 69,5 | 69,8 |
| **Газ билан таъминланиш даражаси** | **%** | **95,1** | **95,1** | **95,2** | **95,2** | **95,3** |
| 1 кишига тугри келадиган уй-жой | кв.м | 15,2 | 15,2 | 15,3 | 15,3 | 15,4 |
| Жон бошига тўғри келадиган ХИМ ишлаб чиқариш, шундан | минг сўм | 135,1 | 144,4 | 157,4 | 174,1 | 194,4 |
| озиқ-овқат маҳсулотлари | минг сўм | 94,8 | 100,9 | 109,4 | 120,5 | 134,3 |
| ноозиқ-овқат маҳсулотлари | минг сўм | 40,3 | 43,5 | 48,1 | 53,6 | 60,1 |